Гъунэ зимыIэт и щIэныгъэр

2-нэ нап.



Адыгэхэмрэ гъуэтхэмрэ

3-нэ нап.

Сабий тхылъым и тхьэмахуэм пащэ

4-нэ нап.



АджIэ бэлэрыгъыжакъым

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№39 (24.789) ● 2025 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 2, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

80 ТЕКIУЭНЫГЪЭ

2-нэ нап.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-IуэхущIапIэхэм къызэратамкIэ

Жылэхэм я зэIузэпэщыныгъэр

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек дыгъуасэ иригъэкIуэкIа зэIущIэм щытепсэлъыхьащ ди щIыналъэм и жылэхэм я зэIузэпэщыныгъэм, къабзагъэр зыхуэдэм. Абы хэтащ республикэм и районхэм, къалэхэм я администрацэхэм я пашэхэр, нэгъуэщI къулыкъущIэхэр.

«КЪАЛЭДЭСХЭМ я псэукIэр егъэфIэкIуэн» федеральнэ проектыр зыхыхьэ «ГъащIэ екIум папщIэ Iэмалхэр» лъэпкъ пэхуэщIэр и лъабжьэу яубзыхуащ цIыху зэхуэсыпIэрэ зыгъэпсэхупIэу 37-рэ зэпэщ ящIыжыну. Щхьэхуэу тепсэлъыхьащ ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр мы зэманым щекIуэкI социальнэ IэнатIэхэм къедза щIыпIэхэр зэщIэкъуэн, зыхуей хуэгъэзэн зэрыхуейми. А Iуэхухэм хеубыдэ гъуэгушхуэхэм уапызыщIэхэри. Гулъытэ зыхуащIахэм ящыщщ ДэIэпыкъуэгъу псынщIэм, Республикэ клиникэ сымаджэщым, Налшык дэт Езанэ къалэ поликлиникэм, школхэм екIуалIэ гъуэгухэр.

Къинэмыщlауэ, зэlущlэм и гугъу щащlащ Налшык и гъуэгухэр зэрызэрагъэпэщыжым. Зыхуей хуагъэзэж уэрамышхуэхэм ящыщщ Нэгумэм, КIыщокъуэм, Щорсым я цIэхэр зезыхьэхэр, Каменскэ гъуэгухэр. А уэрамышхуэхэм куэду тетщ социальнэ мыхьэнэ зиIэ IуэхущIапIэхэр.

Ухуэныгъэ-зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэм Iуэху куэд къызэщIаубыдэу ирагъэкIуэкIын хуейщ. Гъуэгур зэпэщ щащIкIэ, Iэмалыншэ хъумэ, инженер коммуникацэхэри, псы жапIэхэри зыхуей хуэгъэзэжыпхъэщ.

Апхуэдэу гу лъатэ уэрамхэр къэзыгъэнэху уэздыгъэхэр блэным, гъуэгухэр шынагъуэншагъэ и лъэныкъуэкIэ къызэгъэпэщыным, машинэ къэувыIэпIэхэр ирикъуу яIэным.

Республикэм и къалэхэр, къуажэхэр, цIыху зэхуэсыпIэхэр гъэкъэбзэным, зэпэщ щIыжыным ехьэлIа мазэ лэжьыгъэр зэрекIуэкIым щыгъуазэ зыхуищIащ щIыналъэм и Iэтащхьэм. Абы и псалъэм къыхигъэщащ лэжьыгъэр къызэтемыувыIэу зэрекIуэкIыр зэригуапэр. Гъуэгубгъуэхэр, псыежэххэм я Iуфэхэр, фэтэр куэду зэхэт унэхэм къедза пщIантIэхэр, цIыху зэхуэсыпIэхэр нэхъ къабзэ, екIу зэрыхъуари жиIащ.

Лъэпощхьэпохэр лъэныкъуэ ирагъэз

Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым хыхьэ щIыналъэхэм инвестицэ и лъэныкъуэкIэ зэрызаужьым теухуа зэIущIэм КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ. Ар УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Новак Александр Урысейм и Правительствэм и Зэзыгъэзэуlу центрым щригъэкIуэкIащ.

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ щIыналъэхэм я инвестицэ Iуэхухэм зегъэужьыным лъэпощхьэпо хуэхъу мардэхэр Iухыжыным, мылъку-кредит IуэхущIапIэхэм а IэнатIэм щагъэзащIэ къалэнхэм, хьэрычэтыщIэ жэрдэмхэр дэIыгъыным хуэгъэзауэ зэфIагъэкIхэм, зыужьыныгъэм хуэгъэпсауэ щIыналъэхэм щыIэ институтхэм я сэбэпынагъым.

Зэпкърах Iуэхухэм ятеухуауэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ УФ-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Решетников Максим, къэралым энергетикэмкIэ и министр Цивилев Сергей, УФ-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр Файзуллин Ирек, Кавказ.РФ IуэхущIапIэм и генеральнэ директор Юмшанов Андрей, зытепсэлъыхьхэр зэхьэлIа IэнатIэхэм, банкхэм я унафэщIхэр. ЗэIущIэм хэтахэр я Iуэху еплъыкIэхэмкIэ зэхъуэжащ.

КIуэкIуэ Казбек зэIущIэр зэрекIуэкIам теухуауэ жиIащ:

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм и IэнатIэхэм инвестицэхэр нэхъыбэу къешэлIэным хуэгъэза лэжьыгъэр ди къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ иужьрей илъэсхэм, абы къызэщIеубыдэ хабзэубзыху, къызэгъэпэщыныгъэ, инфраструктурэ, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэр. Инвесторхэр тегъэгушхуэным хуэгъэзауэ къэралми щIыналъэми щыщыIэ Iэмалхэр къыдогъэсэбэп. Апхуэдэ лэжьыгъэ щокIуэкI щIыпIэхэм унафэр щызехьэнымкIэ IэнатIэхэми.

Лэжьыгъэм IуэхуфIхэр кърикIуащ. Фейдэ къыхэхыпIэ псоми къыхэкIыу мылъку нэхъыщхьэм инвестицэу къыхалъхьэр 2024 гъэм сом мелард 80-м нэблагъэ хъуащ, ар проценти 10,4-кIэ нэхъыбэщ ипэ ита илъэсым нэхърэ. Инвестицэ проект нэхъ инхэу республикэм и мылъку хэлъу, гъуэгу, коммунальнэ инфраструктурэхэм хыхьэу щагъэзащIэ псэупIэ ухуэн, мэкъумэшпромышленнэ, туризм, промышленность, энергетикэ IэнатIэхэм.

АдэкIи делэжьынущ инвестицэ унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм зэран къыхуэхъу инфраструктурэ лъэпощхьэпохэр лъэныкъуэ егъэзыным.

Апхуэдэуи къыхэзгъэщынщи, республикэм инвестицэ и лъэныкъуэкIэ и зэфIэкIхэм хигъэхъуэнымкIэ Iэмал хъарзынэхэр иIэщ икIи ахэр куэдкIэ пыщIащ ди щIалэгъуалэр хьэрычэт IэнатIэм жыджэру къызэрыхыхьэм. Ар хабзэфIщ, ди Президент Путин Владимир Владимир и къуэм щIыналъэхэм 2025 - 2030 гъэхэм ятещIыхьа къалэнышхуэхэр къызэрытхуигъэувар къэплъытэмэ.

Фэтэр куэду зэхэт унэхэм я зэгъэпэщыжыкIэр

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ иригъэкIуэкIа хабзэубзыху IуэхущIапIэм и Президиумым и зэIущIэм Iуэхугъуэ 20-м нэблагъэм щыхэплъащ.

АБЫХЭМ ящыщщ «КъБР-м фэтэр куэду зэхэт унэхэр зыхуей хуэгъэзэзэныр къыщызэгъэпэщыным теухуауэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» щIыналъэ законым и проектыр. Ар ягъэхьэзыращ «УФ-м и хабзэ щхьэхуэхэмрэ ПсэупIэ кодексым и Iыхьэ 173-мрэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Федеральнэ закон №6 ФЗ-р къызэращтам ипкъ иткIэ.

КъБР-м и Парламентым УхуэныгъэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэмрэ гъэсыныпхъэ-энергетикэ IуэхущIапIэмкIэ и комитетым и унафэщI Къумал Заурбэч къызэрыхигъэщамкIэ, законопроектымкIэ къыхалъхьэ зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэм и хэлъхьэпщIэр процент 60-м нэгъэсыныр (50-м и пIэкIэ). Апхуэдэуи абы щыгъэбелджылащ псэупIэм и щытыкIэм кIэлъыплъ IуэхущIапIэм щIыхуэ зэрыщыIэмрэ ар къызэрырамытымрэ щIыпIэ унафэр зехьэнымкIэ IэнатIэр щыгъуазэ щищIыпхъэ пIалъэр - тхылъымпIэр зэрыIэрагъэхьэрэ мазитху щыдэкIам щегъэжьауэ зы мазэ иIэщ.

- Мы Iуэхум мыхьэнэшхуэ зэриIэр, фэтэр куэду зэхэт унэхэр жьы хъуауэ къызэралъытэм Iуэху бгъэдыхьэкIэ хэха къыхуэгъуэтын зэрыхуейр ди тегъэщIапIэу, законым и 13-нэ статьям и Iыхьэ 7-м зэхъуэкIыныгъэхэр хыдолъхьэ, - жиIащ къэпсэлъам. - Абы ипкъ иткIэ, щIыпIэ унафэр зехьэнымкIэ IэнатIэм и къалэнщ зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр зэрырагъэкIуэкIынумрэ фэтэр куэду зэхэт унэхэм ящыщу кхъахэу къалъытахэр (щIыналъэ программэм хагъэхьахэр) ирахын зэрыхуеймрэ теухуа унафэр къыщащтам щегъэжьауэ махуипщI нэхъ дэмыкIыу щигъэгъуэзэну а Iуэхухэр зи пщэрылъхэр.

Законопроектым хэплъэн папщIэ, щIыналъэм и IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм дэфтэрыр Iэрагъэхьащ.

Депутатхэр зэIущIэм щытепсэлъыхьащ мэкъумэш IэнатIэм, гъуэгу шынагъуэншагъэм, автомобиль гъуэгухэм я щытыкIэм, нэгъуэщIхэми ятеухуа федеральнэ законхэм я проектхэм.

Апхуэдэуи ахэр къытеувыIащ мэзым ехьэлIауэ къэрал хъыбарегъащIэ системэм и лэжьэкIэм гугъуехьхэр зэрыхэлъым теухуауэ, Ленинград щIыналъэм и Хабзэубзыху зэхуэсым УФ-м щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министр Козлов А. А. зэрызыхуигъэзам.

Дызэкъуэту

ЛIыгъэрэ хахуагъэкIэ къахощ

ЩIы хъурейм щыпсэу лъэпкъ мащIэхэм ящыщми, адыгэхэр игъащIэ лъандэрэ къадекIуэкI хабзэмкIэ, лIыгъэмрэ хахуагъэмкIэ къахощ Кавказ Ищхъэрэр зи лъахэхэм. Яхэлъ пщIэмрэ нэмысымкIэ, ябгъэдэлъ зауэ зэфIэкIхэмрэ IэрыхуагъкIэ ди лъахэгъу щIалэхэм къапэхъун куэд зэрыщымыIэр мы зэманми нэрылъагъущ.

ЗИ ГУГЪУ тщIы Iуэхугъуэм и щапхъэщ иджыблагъэ Тэрч район администрацэм къыщызэрагъэпэща Iуэху дахэм щхьэусыгъуэ хуэхъуар. IэнатIэм и Iэтащхьэ Хъущт Аслъэнбий СВО-р щекIуэкI гъунэгъу щIыналъэм къикIыу дэфтэр къыIэрыхьащ.

«ПщIэ зыхуэтщI щIыпIэ унафэщIхэ. Гушхуэныгъэ ин тхэлъу хъыбар фыдогъащIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Тэрч щIыналъэм хыхьэ Курп Ипщэ къуажэм къыщалъхуа Гувэжокъуэ Хьэзрэт ДжэбрэIил и къуэр дзэ Iуэху хэхам хэту, лIыгъэрэ хахуагъэрэ къигъэлъагъуэу и пщэрылъ къалэнхэр дагъуэншэу зэрызэфIихымкIэ. Ар мы зэманым жыджэру хэтщ Луганск, Донецк цIыхубэ республикэхэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхам, къикIуэт имыщIэу, зауэ IэнатIэм епха гугъуехьхэмрэ щыщIэныгъэхэмрэ бэшэчагъ ин хэлъу пэщIэту. ЗауэлI Гувэжокъуэр зыхэт гупым фIыкIэ къахощ, щапхъэуи щагъэлъагъуэ. Ар Хэкум и хъумакIуэ нэсщ, Урысей Федерацэм и шынагъуэншагъэр къызэзыгъэпэщхэм ящыщщ», - итщ зауэр щекIуэкI щIыпIэм къикIа фIыщIэ тхылъым.

Тэрч щIыналъэм и администрацэм и Iэтащхьэ Хъущт Аслъэнбий а тхылъым зыщигъэгъуэза нэужь, IуэхущIапIэм и унэм иригъэблэгъащ Хьэзрэт и адэ-анэ Гувэжокъуэхэ ДжэбрэIил ХьэмтIакъэ и къуэмрэ Мадинэ Щауэбэ и пхъумрэ. Абыхэм епсэлъылIащ, щIалэм и Iуэху зыIутым нэхъ гъунэгъуу зыщигъэгъуазэу.

СВО-р зэраублэу зауэ IэнатIэм Iухьащ Гувэжокъуэ Хьэзрэт. ДжэбрэIилрэ Мадинэрэ я бын пажэр, щIалэ закъуэр игурэ и щхьэрэ зэтелъу зауэм дэкIащ, къэралыр къызэреджэу. Зи ныбжьыр илъэс 23-рэ фIэкIа мыхъуа щIалэр куэдым хунэсакIэщ. Курыт школыр ехъулIэныгъэкIэ къиуха нэужь, бгъэдэлъ щIэныгъэм щыхигъэхъуащ Тэрч къалэм дэт техникумым. Абы иужькIэ дзэм ираджэри, Хэкум къулыкъу хуищIащ. А къалэнри пщIэрэ щытхъуурэ пылъу зэфIихащ абы. Дзэ къулыкъум къыпэрыкIыжа къудейуэ СВО-м ираджахэм яхэту гъунэгъу щIыналъэм 2022 гъэм кIуауэ алъандэрэ зауэ IэнатIэм Iутщ, лIыгъэрэ хахуагъэрэ къигъэлъагъуэу. ЗэпэщIэувэныгъэ тkIийхэм хэту, 2023 гъэм Хьэмзэт уIэгъэ хъури, сымаджэщым щIэлъащ. И узыншагъэр зэтеувэжа нэужь, зауэм игъэзэжащ, ебгъэрыкIуэ бригадэм хэту ноби бийм пэщIэтщ.

Зауэм къыщигъэлъэгъуа лIыгъэм папщIэ Гувэжокъуэ Хьэзрэт къыхуагъэфэщащ «Хахуагъэм папщIэ» медалым и етIуанэ нагъыщэр.

Хъущтым псалъэ гуапэ куэд яжриIащ апхуэдэ бын зыпIа, зыгъэса ДжэбрэIилрэ Мадинэрэ. СВО-м кърахтыкIа тхылъыр абыхэм ехъуэхъуурэ яIэригъэхьэжащ икIи щIыналъэ администрацэм зэщхьэгъусэхэм яхуигъэфэща щIыхь тхылъри яритыжащ.

- Ди лъахэгъу адыгэ щIалэм гушхуэ зэрыкIуэцIылъым, лIыгъэрэ хахуагъэрэ зэрыхэлъым сропагэ икIи срогушхуэ, - жиIащ Хъущтым. - Ди щIалэхэм, ди Хэку-анэм и хъумакIуэ, и къыщхьэщыжакIуэ, лIыгъэрэ хахуагъэрэ зыхэлъ ди зауэлI псоми сохъуэхъу къэралым пщэрылъ къащищIа къалэн гугъур екIуу, пэжу зэфIахыу узыншэу, Iэпсолъэпсоуэ щхьэж и унэ екIуэлIэжыну, мураду яIэр къайхъулIэу куэдрэ псэуну. Зи щIалэ а IэнатIэ гугъум нобэ Iут Гувэжокъуэхэ ДжэбрэIилрэ Мадинэри фи бынхэм, абыхэм къащIэхъуэ щIэблэхэм яфIрэ я фIыгъуэрэ флъагъуу куэдрэ факIэлъыплъыну ди гуапэщ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

ГъэзэщIа мэхъу

Илъэсым къриубыдэу зэфIагъэкIын хуей ухуэныгъэ, зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр щекIуэкI медицинэ IуэхущIапIэхэр КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек зригъэлъэгъуащ.

НАЛШЫК къалэ дэт поликлиникэ №1-м и унэщIэр мыгувэу хьэзыр ящIынущ. Ар икъукIэ щхьэпэ хъунущ цIыхухэм япэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэр щрат IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэр къызэрызэгъэпэщар егъэфIэкIуэнымкIэ.

Республикэм и УнафэщIыр щыIащ Дубки хьэблэм дэт сымаджэщ къалэ цIыкIуми. Мыбы зэгъэпэщыжыныгъэшхуэхэр щекIуэкIащ, IуэхущIапIэхэр къагъэщIэрэщIэжащ иджырей жыпхъэхэм тету.

ЗэхъуэкIыныгъэхэр лъэныкъуэ куэдкIэ ирагъэкIуэкIащ: инженер инфраструктурэр зыхуей хуагъэзэжащ, Iэмэпсымэхэмкlэ къызэрагъэпэщащ, медицинэ дэIэпыкъуныгъэм, лэжьыгъэр зэрызэтеублам я фIагъым хагъэхъуащ. ЩIыналъэм и Iэтащхьэм зригъэлъэгъуащ Кардиодиспансерым щекIуэкI лэжьыгъэхэри Лышх узыфэр зыпкърытхэм щеIэзэ сымаджэщым и ухуэныгъэр здынэсари. IуэхущIапIэхэм къегъэбыдылIа щIыпIэхэри хуэм-хуэмурэ зэпэщ ящI.

«Лэжьыгъэхэр псори гъэзэщIа мэхъу Президент Путин Владимир и жэрдэмкIэ къыхалъхьа лъэпкъ проектхэм я фIыгъэкIэ икIи хуэунэтIащ ди цIыхухэм я узыншагъэр хъумэным, я гъащIэр нэхъ кIыхь щIыным, ар егъэфIэкIуэным», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

Мэкъумэш IэнатIэм къит хъерыр

2025 гъэм и япэ мазитIым Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэщыхъуэхэм лыуэ къалэжьам и куэдагъым (псэууэ шэчауэ) процени 4,8-кIэ, джэдыкIэу кърахам проценти 3,1-кIэ хагъэхъуащ абы ипэ ита илъэсым и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм елъытауэ. БжыгъэкIэ къэбгъэлъагъуэмэ, лыуэ тонн мин 15,8-рэ, джэдыкIэу мелуан 26-рэ къайхъулIащ нэгъабэ. А хъыбарыр иджыблагъэ зэбгригъэхащ Кавказ Ищхъэрэм СтатистикэмкIэ и управленэм.

КЪАПЩЫТЭЖ пIалъэм къриубыдэу Iэщ щхьэ бжыгъэу яIэм и куэдагъми хэхъуащ. 2025 гъэм гъатхэпэм и 1-м ирихьэлIэу республикэм и мэкъумэш, фермер, уней IуэхущIапIэхэм, унагъуэхэм псоми зэхэту Iэщрэ джэдкъазу щаIыгъар щхьэ бжыгъэ мин 279,3-рэ хъуащ. Нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм ар мин 276,2-рэ хъууэ щытащ. Абы щыщу мини 146,6-р жэмщ (2024 гъэм гъатхэпэм и 1-м щыIар мини 145,1-рэщ), мин 481,2-р мэлымрэ бжэнымрэщ (471,9-рэ), мелуани 4,8-р джэдкъазщ (мелуани 4,5-рэ).

Къэбгъэлъагъуэу щытмэ, республикэм и мэкъумэш, фермер, уней IуэхущIапIэхэм, унагъуэхэм псоми зэхэту 2025 гъэм и щIышылэм - мазаем продукцэу къыщIагъэкIащ сом меларди 4,7-рэ я уасэ е нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм проценти 101,4-кIэ хуэкIуэу.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● ТекIуэныгъэ Иным и илъэс 80-м и щIыхькIэ

Уэзы зэкъуэшхэр

Хьэжмудар

МэчрэIил (МутI)

Зэгуэр мы си Iэр
зыкъузауэ,
ЗэуапIэм къыздита сэлэт,
Укъанэу щытмэ, къуэш,
упсэууэ,
Уэ псоми хъыбар
схуегъэщIэж,
Сэ хъыбарыншэу сымыкIуэд,
Сэ си псэр Хэкум
папщIэ сот!

ЦIЫХУХЭМ ноби ящымыгъупщауэ жаIэ Хэкур хуит щIыжыным щIэзэуа сэлэтхэм хузэхалъхьа уэрэдхэр. Я псэ емыблэжу нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм япэщIэувэу, зауэ гуащIэхэм зи гъащIэр щызытахэм я лIыгъэр гум имыкIыжу тхыдэм къыхэнащ. Абыхэм я щIыхьыр ноби цIыхухэм яIэт.

1942 гъэм Большая Мартыновкэ деж щекIуэкIа зауэ гуащIэм лIыгъэ щызэрахьащ ди сэлэтхэм, куэди абдеж щыхэкIуэдащ. Абыхэм яхэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIалэ хахуэхэри. А зэхэуэм теухуа хъыбар гъэщIэгъуэнхэр зэхуахьэсыжри ятхыжауэ къэдгъуэтащ. Абыхэм ящыщ зыщ нобэ зи гугъу фхуэтщIынур.

Бадзэуэгъуэм и 27-м Мартыновкэ щыпсэу Сатниковэ Аграфенэ и унэм къекIуэлIащ 316-нэ шуудзэ полкымрэ 155-нэ танк бригадэмрэ я зауэлI гуп. Ахэр нэмыцэхэм къаухъуреихьауэ екIуэлIапIэншэт.

- Абыхэм яхэтт уIэгъэ хьэлъэ хъуа политрук шууей щIалэр. УIэгъэр хуэсакъыу зыIыгъ сэлэтыр езым и бзэкIэ политрукым епсалъэрт, - жеIэж Аграфенэ. - ЗэрыжаIэмкIэ, а тIур зэкъуэшт, Къэбэрдейм щыщ адыгэхэт. ЗауэлIхэм я щыгъынхэр зыгуэркIэ зэрахъуэкIыну щажесIэм, политрукым идакъым. «Хьэуэ, - жиIащ абы, и гъусэхэм захуигъазэри, - сэ зыщIыпIи сыкIуэнукъым, фэ фи щыгъынхэр зэфхъуэкIи, унэр зейхэри фи гъусэу, фыщIэкI, псэзэпылъхьэпIэм фызэрикIыным яужь фит, сэ нэмыцэхэр зэтесIыгъэнщ».

Ар зэхэзыхахэр къелъэIуащ политрукым езыри щIэкIыну, арщхьэкIэ абы идакъым икIи автоматитIрэ гранат зыбжанэрэ къигъанэри, и гъусэхэм сэлам ярихыжащ.

ГуимыкIыжт зэкъуэшитIым иужьрейуэ сэлам щызэрахыжа дакъикъэхэр. ТIуми къагурыIуэрт афIэкIа зэрызэрымылъагъужынур. ЛIыгъэм зрагъэхьми, я нэкIу зэхьэлIахэм къежэх нэпсхэр зэхэлъэдэжат.

Унэр къэзыухъуреихьа нэмыцэ сэлэтхэр зыпэмыплъа зэхэуэ гуащIэкIэ къаIущIащ политрукыр. Щхьэгъубжэм къыдидз гранатэхэм нэмыцэхэр лъэрыщIыкI зэтращIэрт.

Зыкъомрэ зэхэуа нэужь, дакъикъэ бжыгъэкIэ псори щым хъуащ. ЗауэлIым шэхэр иухауэ къызыфIэщIа нэмыцэхэм унэбжэр Iуаудащ, ауэ асыхьэтым къэIуа кIэрахъуэ уэ макъым сэлэтищ хигъэщIащ. Нэмыцэхэр шынауэ зэтеувыIэжахэщ. Унэм щIэсыр щымт. ЗаулкIэ апхуэдэу щытащ, ауэ нэмыцэхэм иракуртэкъым унэм щIыхьэну. ИтIанэ абыхэм япэ срагъэувэри, автоматыр къыстраубыдащ икIи унафэ къысхуащIащ унэм сыщIыхьэну, езыхэри си ужьым къиуващ. Сэ унэбжэр зэрыIусхыу къэслъэгъуащ плIанэпэм деж егъэщIауэ щылъ сэлэтыр: нэмыцэхэм гъэру заримытын щхьэкIэ политрукым зиукIыжат.

Политрук шууей хахуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэсейхьэблэ (Бахъсэнёнок) къуажэм щыщ Уэзы Хьэжмударт. Ар 1908 гъэм къалъхуащ. Хэку зауэшхуэр къэхъеин ипэкIи, къуажэ псэукIэр ефIэкIуэн папщIэ лэжьыгъэ IэнатIэ куэд ирихьэкIащ. Ар парт ячейкэм, партым и Бахъсэн райкомым я унафэщIу щытащ. Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм Хьэжмудар 115-нэ кавдивизэм и 316-нэ шуудзэ полкым и парторгыу хахащ икIи а къалэныр и пщэ дэлъу зэуапIэм Iухьащ.

Хьэжмудар щытащ Хэкум и къуэ пэжу, хахуэу, ныбжьэгъуфIу. Ар зи унафэщI зауэлIхэм къикIуэт яхэтакъым. Мартыновкэ нэмыцэ танкхэр къыщебгъэрыкIуам, Уэзы Хьэжмудар зыхэт батареер зауэр щекIуэкI щIыпIэ нэхъ хьэлъэ дыдэм хиубыдащ. Командирри топгъауэ куэди а зэхэуэм хэкIуэдащ. Уэзыри уIэгъэ хьэлъэ хъуащ...

Зылъэгъуахэр щыхьэт зэрытехъуэщи, ди адыгэ щIалэ хахуэ, зауэлI щхьэмыгъазэ Уэзы Хьэжмудар лIыгъэшхуэ хэлъу и Хэкум папщIэ и псэр итащ.

1970 гъэм, Мартыновкэ райисполкомым и унафэкIэ, политрук цIэрыIуэ Уэзы Хьэжмудар и хьэдащхьэр щыщIалъхьэжащ ЗауэлI зэкъуэшхэм я кхъэм, и унэцIэри дыщэпскIэ сыным тратхэжащ. Райцентрым и зы уэрамым Уэзы Хьэжмудар и цIэр фIащащ.

Я адэм и хьэдэр хэкум къашэжыну хэтащ абы и бынхэу Лъостэнбийрэ Зоерэ, и нысэ Луизэ сымэ, ауэ нэмысым къригъэкIуэтыжащ. Лъостэнбий псэуху зы илъэси къигъэнакъым и адэм и сыным Iэ димылъэу, абы и фэеплъи къуажэм дригъэщIыхьащ. Адэшхуэр щыщIалъхьа щIыпIэм иджы кIуэрейхэщ къуэрылъху-пхъурылъхухэр.

... Уэзым унафэ ткIий яхуищIу иригъэкIуэта сэлэтхэм яхэтат и адэ къуэшым и къуэ Уэзы МэчрэIил (МутI). Абы и бынхэм ягу къагъэкIыж:

- Сэ псори тэмэм дыдэу схужыIэжыну къыщIэкIынкъым, ауэ си адэм жиIэжу щыта теплъэгъуэхэм зэрысщIэжым хуэдэу щыгъуазэ фысщIынщ - жеIэ МэчрэIил ипхъу Марие. - Ди адэм зэрыжиIэжамкIэ, сэлэтхэр нэмыцэ къэзыухъуреихьахэм яIэщIэкIыфакъым, ахэр гъэру яубыдащ. Абыхэм ящIыгъуащ иджыри ди къуажэгъу Батыр Мышэ, нэгъуэщI адыгэ щIалитIи. НэмыцэIуэм гугъуехьу щашэчам и нэпс къемыкIуэу тепсэлъыхьыфыртэкъым ди адэр.

- Сэ, - жиIэжырт ди адэм, - шхын щхьэкIэ сымылIэн папщIэ, махоркэ тIэкIу къыдатыр щIакхъуэ IыхьэкIэ къэсхъуэжырт. НэмыцэIуэм апхуэдизкIэ куэд дисти, махуэ къэс лIэхэри тхуэбжыжыртэкъым.

Сыт хуэдиз зэманкIэ гъэру щытауэ жиIэжами сщIэжыркъым, ауэ сэлэт гъэр псори зы эшалон ирагъэтIысхьэри зыщIыпIэ яшэну ирашэжьащ. «Дэ адыгэ щIалитху дыхъурт, - игу къигъэкIыжырт си адэм, - щэхуу дызопсалъэри, мурад дощI жэщ хъумэ мафIэгум дыкъелъэну: хьэкъыу тпхыкIат апхуэдэ зыгуэр дымыщIэмэ, ди Хэкур игъащIэ псокIэ зэрыдбгынэр. Жэщым вагоным и щхьэгъубжэм Iулъ гъущI хъарыр хыдотхъри, зырызурэ щхьэгъубжэмкIэ зыкъыдыдодз. Нэмыцэхэм гу къытлъатэри, автоматкIэ къыткIэлъыуэу хуожьэ. Сэ къуакIэ гуэрым сыдэхуэри, зыкъэзмыщIэжу сызэрыщылъар сыт хуэдизрэми сщIэркъым, зыкъыщысщIэжам си лъакъуэр схутегъэувэртэкъым. Башыжь тIэкIу къызогъуэтри ихъуреягъкIэ щIызощыкI, си гъусэхэм седжэу, ауэ зыри згъуэтыркъым. Сыт хуэдиз зэманкIэ гъуэгу сытетами сщIэжыркъым, махуэкIэ пабжьэхэм, нартыху хьэсэ сызыхуэзэхэм зыщызгъэпщкIурт, жэщкIэ си гъуэгум хэзгъэщIырт. Къэбыстэ хьэсэ сыхуэзэмэ, ар сшхырт, нартыху цIынэри арат. Губгъуэм бомбэ къэуам иукIауэ сызыщыхуэзэ шы лIахэм я шхалъэм имыгъэткIуауэ илъ нартыху, хьэ хуэдэхэр си джанэмкIэ слъэщIырт, абы кIуэцIыскIутэрти, мывитI зэхуакум дэслъхьэурэ зэщысхъуэрт икIи хьэжыгъэ хуэдэу хъуа тIэкIур шхырт.

Апхуэдэурэ Ростов и лъахэм и зы къуажэ цIыкIу и деж сыкъэсащ. Сэ мыбы нэмыцэ дэсми сщIэртэкъым, абы къыхэкIыу къуакIэ гуэрым иIэ бгъуэнщIагъым зыщызгъэпщкIуауэ сыщIэст. СылIэну Алыхьым иухауэ къыщIэкIынтэкъыми, ятIэхьэ къэкIуа урыс цIыхубз, щIалэ цIыкIу и гъусэу, сыхуозэ. Ахэр си теплъэм Iейуэ игъэшынат, ауэ сызищIысыр къащыгурызгъаIуэм, сафIэпсэкIуэд хъури, жэщ хъуа нэужь я гъусэу сыздашащ. Си теплъэр зэщхьыр мэзылIырт, цIэмрэ цIакIэмрэ сызэщIиблат. Къабзэу зызагъэгъэпскIащ, щыгъын къабзэ къызатащ икIи си жьакIэ, си щхьэц зэщIэкIэжахэри сагъэупсащ. Къабзэ хъуа си Iэпкълъэпкъым псэхугъуэ игъуэтыжри лIам хуэдэу сыжеящ. Сыкъыщыушам сэ зыхэсщIащ си лъакъуэ фIэбэгыкIам и узыкIэр. Къару сиIэжтэкъым. Зыкъомрэ сыщыIащ абы, къару згъуэтыжу, си лъакъуэри тезгъэувэ хъуа нэужь, а цIыхубз телъыджэм гъуэмылэ схуищIри, жэщу къуажэм сыкъыдишыжащ, гъуэгу сызэрыкIуэнухэри къызжиIащ. АдэкIэ си гъуэгуанэм гугъуехьу пылъар пхуэмыIуэтэжыным хуэдизщ, ауэ, дауэ хъуами, лъэс защIэу ди унэм нэс сыкъэкIуэжащ. Абы иужькIэ гугъуехь псори къысщIэкIуэжри, мазэ бжыгъэкIэ Iэрызехьэу сысымэджащ.

- Аращ си адэм къиIуэтэжахэм ящыщу сщIэжыр, ауэ зауэ нэужьым «гъэру зыптауэ щытащ», - жаIэри, ди адэр ягъэтIысат. Куэдрэ щысакъым, лажьэ зэримыIэр зэхагъэкIри унэм къэкIуэжащ, быниплIи игъуэтыжащ. Псэуху хузэфIэкI къимыгъанэу къуажэм дэлэжьыхьащ. И лэжьыгъэми хуэфащэ пщIэ игъуэту, гъэ къэс тыгъэ лъапIэхэр, медалхэр кърату щытащ. Ноби зыдохьэ ди адэм и фэеплъ медалибгъур, щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр.

Марие и адэм и фэеплъ медалхэм Iэ делъэ, къэгумэщIарэ и нэпс къыфIекIуэхэр и нэкIущхьэм къыфIытелъадэу жеIэ и адэм и гъащIэр и адэ къуэш Уэзы Хьэжмудар зэрыхуихъумар.

1990 гъэм Уэзы МэчрэIил Бэтокъуэ и къуэр дунейм ехыжащ. Абы къыщIэхъуащ бын хъарзынэ, дэтхэнэми хузэфIэкI ищIэу, унагъуэ дахэу ахэр ди къуажэм щопсэу.

ЗЭГЪЭЩТОКЪУЭ Людэ.

Гъунэ зимыIэт и щIэныгъэр

Адыгэбзэм гъунэ зэримыIэр, щэхубэ зэрыкIуэцIылъыр, дапщэщи щIэщыгъуэу къызэрызэкIуэцIыкIыр лъэпкъ гупсысэкIэм зыкъызэриIуатэ щIыкIэхэм хыумылъэгъуэнкIэ Iэмал иIэкъым. «Псэууэ лIахэр дунейм зэрытетым хуэдэу, щIым лIауэ псэухэри щIэлъщ», - жаIэ адыгэхэм, цIыхум псэуху илэжьахэр къаIуэтэн, лъэужьыфIэу зэрыщытар къагъэлъэгъуэн папщIэ. Гупсысэр апхуэдэ бзэ шэрыуэкIэ къызэрыкIа зэрыхъур дапщэщи игъэщIагъуэрт зигури зи псэри къыдалъхуа анэбзэм езыту абы хуэлэжьа щIэныгъэлI телъыджэ, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Шагъыр Iэмин. Адыгэбзэм и псалъэхэр зэтрищыпыкIыу къызэрихутэм и мызакъуэу, абы хьэлэмэтыщэ къыщыхъурт жыIэгъуэхэмрэ псэлъафэ щхьэхуэхэмрэ, ахэр зэхуихьэсырт, и псэлъэкIэ зэгъэпэщам хиухуанэрт. ИщхьэкIэ къэтхьа жыIэгъуэм куэдрэ егупсысырт щIэныгъэлIыр, къикIыр зэригъэзахуэрт. «Апхуэдэ псэлъэкIэ зыщIыфа лъэпкъым нахуэу къигъэлъэгъуащ псэм пкъыр ибгынэми, ар зэрыуахътыншэр», - жиIэрт щIэныгъэлIым. А псэлъафэр абы ирахьэлIэну хэти и гугъэнт?..

БЭРБЭЧ ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым иджыблагъэ щекIуэкIащ къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирикъуа Шагъыр Iэмин и фэеплъ хэгъэгупсо щIэнIуатэ. Ар къызэгъэпэщыным я гуащIэ халъхьащ КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и кафедрэмрэ ЦIыпIынэ Аслъэн и цIэр зезыхьэ Адыгэ щэнхабзэ центрымрэ я лэжьакIуэхэм. «Гъунэ зимыIэ бзэщIэныгъэ: кавказ бзэщIэныгъэм щыщ Iуэхугъуэхэр» - апхуэдэт къызэгъэпэщакIуэхэм щIэнIуатэм хуащIа фIэщыгъэр. ИпэжыпIэкIэ жыпIэмэ, абы куэд дыдэ къызэщIиубыдэрт, гупсысэри лъагъуэ пыухыкIахэм тригъэувэрт. Япэрауэ, щIэнIуатэм хамэ къэралхэм щыщ бзэщIэныгъэлIхэр хэтащ, а Iуэхум Шагъырым и IэдакъэщIэкIхэм яIэ мыхьэнэр нэрылъагъу къищIу, абыхэм къызэщIаубыда щапхъэхэр бзэ куэдым я пащхьэ къыщыув зэIумыбзхэм я IункIыбзэIухыу зэрыщытыр къигъэлъагъуэу. ЕтIуанэрауэ, бзэр джыным зэи кIэ зэримыIэр, къэхутэныгъэхэм лъэныкъуэ куэдкIэ зэкIэщIэкIын зэрылъэкIынур къигъэнэIуащ. Ещанэрауэ, фIэщыгъэм къыхэщащ Iэмин хиша лъагъуэм зэрызигъэкIыхьым хуэдэу зэрызиубгъури - къэрахьэлIа лэжьыгъэхэр зэрыщхъуэкIэплъыкIэр, щIэныгъэ шыбзэм Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэ куэд дыдэ зэрыщIагъэкIыр абы и щапхъэт.

КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и кафедрэм и унафэщI Къардэн Мусэдин зэIущIэм къырихьэлIахэм фIэхъус гуапэ яриха нэужь, къыхигъэщащ Шагъырым лъэпкъым хуищIа Iуэхутхьэбзэр зэрыиныр, абы къыкъуэкIа гуащIэм упеIэныр зэрымыпсынщIэр.

«Шагъыр Iэмин хуэдэхэм яхузэфIэкIамкIэщ лъэпкъым и цIэр къызэрыраIуэр, абы и зэфIэкIхэр къызэралъытэр. Ди лъэпкъым Тхьэр къетати, Шагъырым хуэдэ цIыху емышыжхэр къыхэкIащ, анэдэлъхубзэм и фIыпIэр къызэпкърахым къыщымыувыIэу, лъэданэ инауэ бзэщIэныгъэм и зыужьыныгъэр адэкIэ зымыгъэкIуатэ Iуэхугъуэ зэIумыбз куэдым жэуап пыухыкIахэр ирату, тегъэщIапIэ лъэщхэр къахьу. Iэмин хузэфIэкIащ адыгэбзэм и тхыдэр илъэс мин зыбжанэкIэ зэIэбэкIыжу къыщригъэжьэн, абы къикIуа гъуэгуанэри, зэрызихъуэжа щIыкIэхэри, игъуэта зыужьыныгъэри и лэжьыгъэхэмкIэ IупщIу къигъэлъэгъуэн, ауэ щыхъукIи, бзэхэр зэригъапщэурэ икIи зэрилъытурэ абы къыхэхъукIахэмрэ къиищтахэмрэ зэIубз ищIын. Зы цIыху къарукIэ Шагъырым хузэфIэкIам гъунэ иIэкъым икIи дэ ди къалэнщ а хъугъуэфIыгъуэр тхъумэну, ди адыгэбзэ щIэныгъэр ар зытет лъагапIэхэм къедмышэхыу адэкIэ дгъэкIуэтэну. ЩIэнIуатэр къызэгъэпэщыныкIэ дэIэпыкъуэгъу къытхуэхъуахэм фIыщIэ яхудощI, дыщогугъ зэхуэсым и фIагъ псоми къыдэкIыну: къэхутэныгъэ Iэмалхэр ягъэбэгъуэну, гупсысэщIэхэр къагъэщIыну», - жиIащ Къардэн Мусэдин.

ЩIэнIуатэм къыщыпсэлъащ Шагъыр Iэмин фIыуэ зыцIыхуу щыта, абы илъэс IэджэкIэ дэлэжьа, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, Къэбэрдей-Балъкъэрым гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым адыгэбзэмкIэ и къудамэм и унафэщI БищIо Борис. Ар къызэхуэсахэм ядэгуэшащ Шагъырым и гъащIэм щыщ гукъэкIыжхэмкIэ.

«БзэщIэныгъэмкIэ институтым и аспирантурэм сыщыщIэтIысхьаращ зи цIэр куэдрэ зэхэтх Шагъыр Iэминрэ Къумахуэ Мухьэдинрэ нэIуасэ сащыхуэхъуар. ЩIалитIыр зыхэтхэм къазэрыхэщыр я бжьыфIагъым и закъуэтэкъым, ябгъэдэлъ щIэныгъэ лъагэмкIи куэдым ефIэкIырт. ЩIэныгъэ унафэщI схуэхъуар Къумахуэ Мухьэдинт, ауэ, абы щхьэкIэ къэмынэу, Шагъырым зэи и гулъытэ сыщигъэщIакъым, Iуэху куэдкIэ дэIэпыкъуэгъу къысхуэхъуащ. Налшык къигъэзэжа нэужьи, зы илъэскIэ институтым дыщызэдэлэжьэжащ. Шагъырым и щIэиныр къэIэтыгъуафIэкъым. И къалэмыпэ къыщIэкIа псом я гугъу умыщIми, тхылъитIу зэхэт «Адыгэбзэм и этимологие псалъалъэм» куэд дыдэ къегъэлъагъуэ. Абы кIуэцIылъ щIэныгъэм наIуэ къищIащ Шагъырым и къэухьыр зэрыиныр, тегъэщIапIэ ищI щапхъэхэр зэрыкуу дыдэр. Щалъхуа Хэкум къигъэзэжа нэужь, абы игъэхьэзыращ «Адыгэбзэм и фонетикэмрэ морфологиемрэ» лэжьыгъэ купщIафIэр. Апхуэдэу ар елэжьыжат этимологие псалъалъэм, щIэ куэд хилъхьэжат, ауэ а къэхутэныгъэхэр къызыхэщ карточкэхэр кIуэдащ. Дыщогугъ ахэр зэгуэр къыкъуэкIыжыну, щIэныгъэлIыр илъэси 100 щрикъум ирихьэлIэу адыгэбзэм и этимологие псалъалъэр къыдэдгъэкIыжыфыну. ЩIэнIуатэр зигу къэкIахэм ягъэлъэпIар Шагъырым и закъуэкъым, абы ин щIохъукI апхуэдэ гукъэкI зыщIахэри», - жиIащ БищIом.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ Шагъыр Iэмин и аспиранту щыта, филологие щIэныгъэмкIэ доктор, Абхъаз къэрал университетым абхъазыбзэмкIэ и кафедрэм и унафэщI Дзадзарие Отар.

«Дунейм сытетыху сщыгъупщэнукъым Iэмин къысхуищIар. Адэ-анэр быным зэрыбгъэдэтым хуэдэу къысхущытащ Iэмин - къызэущиещ, сиунэтIащ, сигъэгъуэзащ. СыщытепсэлъыхькIэ, си гур къызэфIонэ, сыту жыпIэмэ, хэт нэхъри нэхъыфIу сщIэ къысщохъу ар зыгъэнэщхъеяри, зыгъэгуфIари, зыгъэгушхуари. Зи цIыхугъэр лъагэу щыта Iэмин къелэжь и цIэмрэ и IуэхущIафэхэмрэ яхуэфащэ зэIущIэхэр екIуэкIынри, мы щIэнIуатэр абы и зы щапхъэщ», - жиIащ абы.

АдэкIэ псалъэ иратащ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Чирикбэ Вячеслав. «Шагъырым и щIэныгъэ къэухьыр егъэлеяуэ бгъуэт. Абхъаз-адыгэбзэхэм я закъуэкъым абы и Iэр къызыпекIуэкIыу щытар, ар фIы дыдэу щыгъуазэт дагъыстэн икIи вайнах лъэпкъхэм я бзэхэм хэлъ щэхухэми. ЗэригъэпщэфIырт, зыхуэныкъуэр къахигъуэтэфырт, икIи, гъэщIэгъуэнращи, къилъыхъуэм щыуагъэншэу техуэрт. Бзэр зыхэпщIэн хуейуэ къыщIэкIынщ апхуэдэ зэфIэкI убгъэдэлъын щхьэкIэ. Шагъырым щIэныгъэм уззрыхэтын хуей щыкIэр дигъэлъэгъуащ, ар игъащIэкIэ ди гъуазэу щытынущ», - жиIащ Чирикбэ Вячеслав.

Шагъырым хэлъа шыIагъэм и гугъу ищIащ филологие щIэныгъэмкIэ кандидат, КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и кафедрэм и доцент УнэлIокъуэ Вячеслав. «Шагъырым и зы лэжьыгъэ дунейм къытехьа нэужь, абы къыпэджэжыгъа профессор Хабичев Магомет лъэкI къигъэнатэкъым а IэдакъэщIэкI иным хилъагъуэ щыщIагъэхэр бзэ щIэгъэщхъуакIэ утыку кърилъхьэныр. Дауи, абы итхам къапщтэ мыхъуныр куэдыкIейт. Илъэс бжыгъэкIэ а профессорым Шагъырым кърипэса псалъэхэм пэджэжын адыгэ щIэныгъэлIхэм къахэкIакъым, апхуэдэу щыхъум езым игъэхьэзыра «Абхъаз-адыгэбзэхэм хамэбзэхэм къыхаха лексикэр» монографием зырызыххэу Хабичевым нэхъапэкIэ зи гугъу ищIыгъа щыщIагъэхэр щызэпкърихыжащ. «ПщIэ зыхуэтщI», «фIыуэ тлъагъу» псэлъафэхэмкIэ дэтхэнэ зы Iуэхугъуэми Шагъырым жэуап иритыжыгъат Хабичев Магомет, хэлъ адыгагъэр, щIэныгъэм щызэрихьэ щыпкъагъэр а щIыкIэмкIэ хэIущIыIу ищIат. УщIыдэплъеин лэжьыгъэшхуэ ищIащ Шагъырым, ар къэхутэныгъэми цIыху щIыкIэми теухуащ», - жиIащ УнэлIокъуэм.

ЦIыхугъэ дахэ я зэхуаку дэлъу къекIуэкIащ Шагъырымрэ «Адыгэ псалъэ» газетым и щIэныгъэ обозреватель Табыщ Муратрэ. «НэхъыжьыфIыр зэрысцIыхуа мащIэм Iэджэ дахагъи дэслъэгъуащ, цIыхугъэм мардэ зэримыIэр си фIэщ ищIыфат. Аспирантурэм дыщыщIэс илъэсхэм къытхуихуащ Урысей къэрал библиотекэм дыкIуэу дыщылэжьэну. Iэмин ар къищIэрти, кхъухьлъатэ телъэтыкIыпIэм деж къыщытпежьэрт, дигъэзагъэрти, итIанэ и Iуэху иужь ихьэжырт. КъыпщIэупщIэнут, дэIэпыкъуэгъу къыпхуэхъунут. ЩIэми жыми задищIыфырт, гупыр игъэдэхэфырт. Абы и лэжьэкIэу щытам кIыхьу утепсэлъыхьыфынущ, ауэ и цIыху хэтыкIэ дахэм и гугъу щIын хуейщ. Гуп игъэгупыфырт Iэмин. Абы и къэфэкIэр зылъэгъуам игъащIэкIэ игу къинэжынут, апхуэдизкIэ зэпIэзэрытт, къигъафэм пщIэ хуищIу зыдищIырти. Адыгэ хьэщIэщ хабзэм зэрыщIапIыкIар нэрылъагъут. АдыгэбзэмкIэ кафедрэр адыгэ щIэныгъэм и кIыщщ. Гуапэщ мы щIэнIуатэр абы и лэжьакIуэхэм гукъэкI зэращIар, щIэныгъэлIым и IэдакъэщIэкIхэмрэ ехьэлIа гукъэкIыжхэмкIэ цIыхухэм ядэгуэшэну Iэмал Шагъырыр зыцIыхуахэм зэрыратар», - жиIащ Табыщым.

Шагъыр Iэмин дэлэжьащ Швецием щыщ профессор, адыгэбзэ синтаксисым къэхутэныгъэ гъэщIэгъуэнхэр езыщIылIа Вамлинг Катрин. Абы къигъэхьа телеграммэм Къардэн Мусэдин къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ. Тхыгъэм къыхэщащ Шагъырым къыкъуэкIа щIэныгъэм адыгэбзэм и щэху куэд къызэритIэщIар, дунейпсо бзэщIэныгъэм хуищIа хэлъхьэныгъэр.

Апхуэдэу щIэнIуатэм кърихьэлIащ щIэныгъэлIым и Iыхьлыхэр. Лъэпкъым и нэхъыжь Шагъыр Хьэутий къызэхуэсахэм фIыщIэ псалъэкIэ захуигъэзащ, Iэмин и цIэм хуагъэфэща лъапIэныгъэр дэтхэнэми ягъуэтыжыну ехъуэхъуащ. Шэч хэлъкъым, зифI зыIэтыфым хэти лъапIэ щIохъукI. Шагъырхэ я лъэпкъыр зэрыIыгъыу щIэнIуатэм къызэрыкIуам куэдым гу лъатащ, пщIэи хуащIащ.

ЩIэнIуатэм и ублапIэр зэфIэкIа нэужь, абы кърихьэлIахэр лэжьыгъэм къыпащэну бзэмрэ литературэмрэ щхьэхуэ-щхьэхуэу къыхузэрагъэпэща къудамэхэм зэбгрыкIащ.

Тхыгъэри сурэтри **ШУРДЫМ Динэ** *ейщ.*

● ЗэIущIэхэр

Гъатхэр къызэрихьар къыдэзыгъэащIэ

Гъатхэр къызэрихьар псом нэхърэ нэхъ къыдэзыгъэащIэу куэдым къалъытэр дунейм и щытыкIэмрэ махуэгъэпсымрэ я зэкIэлъыкIуэкIэр аракъым, атIэ бзухэм я ушэ макъыу дэнэкIи къыщыIурщ.

ЮНЕСКО зэгухьэныгъэм щызэхагъэува «ЦIыхухэмрэ биосферэмрэ» программэм тету мэлыжьыхьым и 1-р Бзухэм я дунейпсо махуэу щIагъэувар абы ирихьэлIэу къуалэхэр нэхъ нэрылъагъуу щIыпIэ хуабэхэм къызэрилъэтыкIыжырщ.

ТIэкIу нэхъ жыжьэу дызэIэбэкIыжынщи, 1894 гъэм абыкIэ жэрдэмыр къыхэзылъхьауэ щытар Америкэм и Штат Зэгуэтхэм хыхьэ Пенсильвание щIыналъэм хыхьэ Ойл-сити къалэ цIыкIум ныбжьыщIэхэм курыт щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ а щIыпIэм щыинспектор Бэбкок Чарльзщ.

Дамэ зытет нэхъ цIыкIухэм ядэIэпыкъуным теухуа гупсысэр 20-нэ лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм ди къэралми къэсащ. 1910 гъэм школ егъэджакIуэ Бузук Пётр езыр зыдэс Хортицэ къуажэм къыщызэригъэпэщат бзу абгъуэр зи дамыгъэ ЩIыуэпсыр зыхъумэхэм я зэгухьэныгъэ. Абы хэтахэм бзу цIыкIухэр ягъашхэрт, адэкIэ-мыдэкIэ унэ цIыкIухэр щыхупащIэрт.

1917 гъэм екIуэкIа революцэм а Iуэхур дэкIуэдыжами, къэунэхуа къэралыгъуэщIэм зыкъыщрагъэужьыжащ. 1924 гъэм и гъэмахуэм СССР-м щекIуэкIат Юннатхэм я союзпсо зэхуэс. Биостанц нэхъыщхьэм и егъэджакIуэ Дергунов Николай абы къыщыхилъхьащ Бзухэм я махуэр щIэрыщIэу Хэкум щыгъэувыжыпхъэу икIи ар къэралыгъуэщIэм 1926 гъэм япэ дыдэу щагъэлъэпIащ.

Абы иужькIэ СССР-м и щIыпIэ псоми къыщыунэхуащ бзухэр зыдж щIэныгъэм - орнитологием - дихьэх ныбжьыщIэхэм я зэгухьэныгъэхэр. КъыкIэлъыкIуэ илъэсым Бзухэм я махуэр Мэзкуу и щIыпIэ псоми щаIэтащ. Абы щыгъуэ а Iуэхум ныбжьыщIэ мини 5-м нэблагъэ къекIуэлIат. Иужьым, 1928 гъэм, ди къэралым зи гугъу тщIы махуэм щызэхаша апхуэдэ щIыхьэхум хэта сабий мин 65-м щIигъум бжэндэхъу абгъуэу мин 15-м нэблагъэ щIыпIэ-щIыпIэкIэрэ щыпащIат.

1999 гъэм Мэзкуу и школакIуэхэм къэлъэтэж бзухэм папщIэ абгъуэ IэрыщIу 500-м щIигъу ягъэхьэзырат икIи ахэр мэлыжьыхьым и 1-м жыгхэм щыпащIат. КъыкIэлъыкIуа 2000 гъэм а къалэм и Правительствэм Бзухэм я махуэр гъэлъэпIэныр жылагъуэ Iуэхуу къилъытащ. Абдежым къыщегъэжьауэ, Урысей Федерацэм и дэтхэнэ щIыналъэми абы гулъытэ ин щыхуащI. Курыт еджапIэхэм щIэсхэм, орнитологием дихьэх ныбжьыщIэхэм я зэгухьэныгъэхэм хэтхэм къызэрагъэпэщ зэхьэзэхуэхэр теухуащ къэкIыгъэхэм, псэущхьэхэм, зэрыщыту къатщтэмэ, дыкъэзыухъуреихь дунейм хуэсакъын, гулъытэ хуэщIын зэрыхуейм.

Мы махуэм цIыкIуэхэр щIыуэпсым хэхауэ яхъумэ и щIыпIэхэм яшэ, зыщрагъэплъыхь. Балигъхэмрэ сабийхэмрэ а махуэм зэIузэпэщ ящI псыпцIэхэм щыпсэу къуалэхэм я хэщIапIэхэр, бзу зэмылIэужьыгъуэхэм - бжэндэхъухэм, пцIащхъуэхэм, нэгъуэщIхэми - «унэ цIыкIухэр» жыг къудамэхэм, унащхьэ къуагъхэм щыхупащIэ, Iус зытракIутэ пхъэбгъухэр адэкIэ-мыдэкIэ щыкIэраIулIэ.

ЗэрытщIэщи, ди щIыналъэми къэлъэтэж бзухэм иджы хуэдэ зэманым дэнэкIи я шхын къыщалъыхъуэ. И зэманым къэIэпхъуэжа бжэндэхъухэмрэ чыцэ бзухэмрэ жыгыщхьэхэм пщэдджыжькIэрэ «уэрэд» дахэхэр къыщраш. Ди гуапэ зэрыхъущи, ди республикэм и къалащхьэм дэт курыт еджапIэхэм щIэсхэри илъэс къэс зэпоуэ къуалэбзухэм унэ-шхапIэ цIыкIухэр хуэщIынымкIи зыхуэфащхэм деж ахэр щыкIэрыIулIэнымкIи. А зэхьэзэхуэм Налшык и эколого-биологие центрым и гъэсэнхэри хэтщ.

ГъэщIэгъуэныр аращи, Кавказ Ищхъэрэм нэхъапэхэм щыщымыIа къуалэбзу лъэпкъыгъуэхэми ди жыг хадэхэмрэ мэз кIуэцIхэмрэ иужьрей илъэсхэм дащыIуощIэ. И щхьэусыгъуэр щIыуэпсым игъуэт зэхъуэкIыныгъэхэр арауэ хуагъэфащэ. Бзухэм я тIысыпIэу щыта мэз кусэхэр, губгъуэхэр кIуэ пэтми нэхъ мащIэ мэхъу, абдежым ухуэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр щрагъэкIуэкI, мафIэсхэри къыщагъэхъу.

Ди щIыналъэм и къалэхэми къуажэхэми иджы щыдолъагъу бгъэгуплъ, бгъэгуху бзу дахэхэр. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, ахэр зауэ зэпэщIэувэныгъэхэр щекIуэкI щIыпIэхэм къилъэтыкIащ. Абыхэм ерыскъы щагъуэт адэкIэ-мыдэкIэ нэхъ къыщызэтена ди мэз зыкъизыхзэщIэгъагъэхэм, псыежэххэм къедза жыг гуэрэнхэм, губгъуэ хьэсэхэм, псыпцIэхэри абы хэтыжу.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, дызыхуэкIуэ накъыгъэм и етIуанэ зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм дгъэлъэпIэнущ «Iэпхъуэшапхъуэ бзухэм я махуэ» зыфIащари.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Дунейм щыхъыбархэр

Урысхэр щыдакъуэзэркъым

Языныкъуэ къэралхэм зэращIам хуэдэу, Литва Республикэм и щIыналъэм щылажьэ урыс школхэр зэхуищIыну и мурадкъым.

«УРЫС еджапIэхэр мэлажьэ къэралым и конституцэмрэ егъэджэныгъэмкIэ щыIэ хабзэмрэ тету. Абыхэм зэхэщIыкIыгъэу къыщыгъэлъэгъуащ ди цIыхухэм я анэдэлъхубзэкIэ еджэну Iэмал еттын хуейуэ, абы щыгъуэми къэралыбзэр зэрызрагъэщIэнми мыхьэнэшхуэ иIэу зэрыщытыр, - щыжиIащ Литва Республикэм егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ спортымкIэ и министр Поповене Раминтэ LRT лъэпкъ къэрал телерадиом ирита интервьюм.

Министрым къыхигъэщащ абы и лъэныкъуэкIэ Латвиеми Эстониеми къыхаха гъуэгум зэрыримыкIуэнур, къэралым щызекIуэ хабзэхэм зэрытетынур.

Къапщтэмэ, 2021 гъэм ирагъэкIуэкIа къыхэтхыкIыныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, Литвам щыпсэухэм я процентi 5-р урысщ, зы процентым ноблагъэ белорусхэмрэ украинхэмрэ.

НОБЭ

♦**Сабий тхылъым и дунейпсо махуэщ**
♦**Белоруссиемрэ Урысеймрэ я лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэщ**
♦**1911 гъэм** Цагъуэ Нурий Истамбыл адыгэбзэкIэ къыщыдигъэкIащ «Гъуазэ» газетым и япэ номерыр.
♦**1948 гъэм** адыгэ тхакIуэ щэджащэ КIэрашэ Тембот СССР-м и Къэрал саугъэтыр къратащ.
♦**1932 гъэм** къалъхуащ журналист, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **АфIэунэ Рае**.
♦**1937 гъэм** къалъхуащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и механизатор **Дадэ ХьэмытIэ**.
♦**1944 гъэм** къалъхуащ бзэщIэныгъэлI, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор **Абдокъуэ Iэуес**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 18, жэщым градуси 10 - 13 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Егъэлеяуэ пшхымэ, фори ткIыбжьщ.

● Фэеплъ

Сэрмакъым и япэ еджагъэшхуэ

УпщIи уси хэмылъу зэтрагъэщэха ди къэралышхуэм щызекIуэ хабзэ лъапIэ дыдэхэм ящыщт къызэрыгуэкI цIыхум пщIэ хуащIу, псори зэхуагъадэу зэрыщытар. Совет властыр зэтеува нэужь, къаруушхуэ ирахьэлIат лъэпкъ мащIэхэр кIыфIыгъэм къыхэшыным, абыхэм щIэныгъэ егъэгъуэтыным. Пэжщ, а лъэхъэнэм цIыхубэр иджыри къулейсызт, зэреджэну тхылъхэр, дэфтэрхэр, къалэмхэмрэ шакъэмрэ къаймэщIэкIырт, егъэджакIуэхэр яхурикъуртэкъым.

ЗЫУЗЭЩIЫНЫГЪЭМ и гъуэгум къэралыр щытеува а зэманым къыхэхъуэкIащ ди республикэр зэрыгушхуэ щIэныгъэлI куэд. Абыхэм ящыщщ Шыд Хьэмидбий Тыгъуэн и къуэри.

Сэрмакъ курыт школыр къыщызыуха ныбжьыщIэр, дэзыхьэх есэпым хуеджэну, Налшык дэт пединститутым щIэтIысхьащ. Абы щыгъуэ физикэмкIэ егъэджакIуэхэр хуабжьу зэпэубыдат. Мо щIалэ гурыхуэм, акъыл жаным гу лъызыта унафэщIхэм трагъэгушхуэри, Хьэмидбий физикэмкIэ къудамэм ягъакIуэ.

Илъэсищ нэхъ дэмыкIыу, университету зэрахъуэкIа еджапIэ нэхъыщхьэр 1959 гъэм хъарзынэу къеухри, щалъхуа къуажэм егъэзэж. ЩIалэм и гур щIэныгъэ куум хуэпабгъэрт, ауэ щылажьэ школым егъэджакIуэ къызэремэщIэкIыр, и адэ-анэми къуэр къабгъэдэсыжмэ нэхъ къызэращтэр къимылъытэу хъуртэкъым.

Апхуэдэурэ илъэсиплI дэкIауэ, Iэмал къыщыкъуэкIым, 1963 гъэм аспирантурэм щIотIысхьэ икIи КъБКъУ-м физикэмкIэ егъэджакIуэу макIуэ. Зэман лей тримыгъэкIуадэу и диссертацэр егъэхьэзырри ехъулIэныгъэкIэ пхегъэкI, физико-математикэ щIэныгъэхэм



я кандидат мэхъу. ИужькIэ быдэу зрет абы щыгъуэ зыщIидза Iуэхум - гъущIыкIэ зэмылIэужьыгъуэ куэдым я зэпыгъэвэкIэр, я зэхэгъэвэкIэр егъэфIэкIуэным теухуа лэжьыгъэ гугъум. Шыдым иригъэкIуэкIа гъэунэхуныгъэхэм, къэхутэныгъэхэм мыхьэнэшхуэ яIэу къыщIэкIащ. Зэи зэмыкIуэлIэну, гъунэгъуу зэпхьэлIэ мыхъуну къалъытэ гъущIхэкI зэмылIэужьыгъуэхэр зэрызэхэзэгъэнум, быдэу зэрызэрыубыдынум Iэмалхэ ухуэкIуэн щхьэкIэ химие, физикэ я лъэныкъуэкIэ абыхэм я зэхэлъыкIэр къэпхутэнур Iуэху къызэрыгуэкIтэкъым.

А псоми Хьэмидбий Iэмал зырызыххэ къахуигъуэтырт: гъущIыкIэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэрызэпагъавэм зэману ихьыр, я лъэщагъ-быдагъыр, я Iувагъыр, икIэм-икIэжым, я зэхэшыпсыхьыкIэр игъэбелджылащ. Электроннэ техникэм нэхъри зиужьынымкIэ ахэр хэлъхьэныгъэ ин дыдэт.

Шыд Хьэмидбий куэдым хунэса еджагъэшхуэт. 1981 гъэм «Салют-6» станцыр хьэршым лъэтэн и пэ къиихуэу, ар тхуэнейрэ космонавтхэм я «Вагъуэ къалэ цIыкIум» щыIащ, и къэхутэныгъэхэр щигъэлъэгъуащ. Космонавт Савиных В. П. хьэршым здэщыIэм Хьэмидбий и къэхутэныгъэр щигъэнэхуа нэужь, абыхэм я мыхьэнэр дуней псом къыщалъытащ.

ГъущIыкIэ зэмылIэужьыгъуэ куэдым я зэпыщIэныгъэхэм теухуа тхыгъэ-къэхутэныгъэу 80-м щIигъу газет, журнал хэхахэм къытрадзащ Сэрмакъ щыщ еджагъэшхуэм и IэдакъэщIэкIыу. Ахэр зэдзэкIауэ къэрал Iэджэм къыщыдэкIащ. Къапщтэмэ, Германием, Китайм, Японием, нэгъуэщI щIыпIэхэми хуэфащэу къыщыпэджэжащ. Испанием куууэ щызэпкърахащ иужьрей зэманым адыгэ щIэныгъэлIым иригъэкIуэкIауэ щыта къэхутэныгъэхэр нэгъуэщIхэм зэрефIэкIыр. Абы теухуауэ щIэныгъэ конференцым Шыдыр лъэIушхуэкIэ ирагъэблэгъат, ауэ, зэрыгукъыдэмыжым къыхэкIыу, и гъукIэгъэсэнхэм ящыщ щIалэ и пIэкIэ игъэкIуати, къыздихьа хъыбарыр узыгъэгушхуэнт. КъикIуа илъэс бжыгъэхэм щриплъэжым, и къэхутэныгъэ инхэм щыхэплъэжым деж Хьэмидбий аргуэру IэфIу игу къигъэкIыжырт, и доктор диссертацэр пхигъэкIын хуейуэ и ныбжьэгъухэми и лэжьэгъухэми зэпымыууэ къыжраIэу зэрыщытар.

Утыкушхуэм къыщихьа ехъулIэныгъэ инхэм трагъэгушхуэжри, ар доктор диссертацэм хэкъузауэ елэжьат, сыт и лъэныкъуэкIи хьэзыр ищIат, ауэ пхигъэкIыну хунэсакъым, дунейм ехыжащ.

И къэхутэныгъэхэм къапэкIуауэ зы патентрэ щыхьэт тхылъу щырэ зиIа щIэныгъэлIыр егъэджакIуэ гъуэзэджэуи щытат. Абы и дежкIэ нэхъыщхьэр щIэблэм щIэныгъэ нэс ягъуэтынрати, хуэзэфIэкI къигъанэртэкъым. Зэ нэхъ мыхъуми Шыдым и лекцэм едэIуам а псор занщIэу зыхищIэрт.

Студентхэм еджэныр ящигъэпсынщIэн папщIэ, абы къыдигъэкIат щIэныгъэ-методикэ пособиеу 24-рэ. ЦIыху нэхъыбэ физикэм дригъэхьэхын мурадкIэ, къэухьым зезыгъэужь псалъэ зэблэдзу зэхилъхьари мащIэкъым.

Еджагъэшхуэр, цIыху нэсыр, егъэджакIуэ Iэзэр зыцIыхуахэм ар зэи ящыгъупщэну къыщIэкIынкъым.

КЪАНКЪУЛ Раисэ.



Адыгэхэмрэ гъуэтхэмрэ

● Тхыдэ

Адыгэхэмрэ гъуэтхэмрэ зэрызэзэуар IуэрыIуатэ мыхъумэ, абы щыхьэт техъуэ къэхутэныгъэ гуэри щымыIэу къэгъуэгурыкIуащ. Ауэ 2024 гъэм дунейм къытехьащ Воронеж къэрал университетым археологиемрэ пасэрей тхыдэмкIэ кафедрэм и лэжьакIуэ, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Зиньковская Иринэ и къэхутэныгъэ лэжьыгъэр, гъуэтхэр адыгэщIым къызэребгъэрыкIуамрэ ахэр зэрызэзэуамрэ щыхьэт техъуэр. ЩIэныгъэлIым мы унэтIыныгъэр илъэс куэд щIауэ едж икIи гъуэтхэм дунейр къызэрызэхакIухьамрэ ягъэхъамрэ теухуауэ къитIэщIыжар мащIэкъым. Абы и нэхур къытепсащ, адыгэ тхыдэр къапщтэмэ, мащIэ дыдэ зыхэтщIыкI лъэхъэнэм - 350 - 400 гъэхэм...

ГЪУЭТ тхыдэтх Иордан къызэринэкIа «Гетики» тхыгъэм тепщIыхьмэ, 4-нэ лIэщIыгъуэм гунн лъэпкъыбэр къызэрехьэжьауэ щытащ, къапэщIэхуэхэр зэтраукIэрэ щIыналъэхэр зэрапхъуэу. Ауэрэ гъуэтхэм я деж нэсщ, Европэ КъуэкIыпIэр къахьэхури, яубыда щIыналъэм итIысхьэжащ гуннхэр. Арами, гъуэт пащтыхьыгъуэр зыхуагъэтIыгъуэу щыта Венетарий Амал, лъэныкъуэ зезыгъэза и лъэпкъым гъуазэу къыхэнащ. ЗауэлI лъэпкъ Iэлт гъуэтхэри, гуннхэм зэрахьэхуар уз мыхъужыну къефыкIырт Венетарий. ЗэрыпхъуакIуэхэм пэщIигъэувэн дзэ имыIэми, зекIуэ ежьэну, нэгъуэщI щIыналъэхэр зрипхъуэну хъыжьагъэ къылъыкъуэкIащ. Апхуэдэут ар антхэм (а лъэхъэнэм адыгэр зэрызэджэжыр апхуэдэут) къызэрытеуар.

Япэу дыдэу адыгэщIым къыщихьэм, захуэмыужьыжыным хуэдэу зэтракъутауэ щытащ гъуэтхэр. Венетарий и гугъакъым хы ФIыцIэрэ Iуэзврэ Iус лъэпкъхэр апхуэдэу лъэщу, зэрыIыгъыу. Ауэ гъуэтым игъэззэжынкIэ Iэмал иIэтэкъыми, къару закъуэкIэ мыхъуу, акъыл хэлъу иджыри зэ ебгъэрыкIуэщ адыгэхэми, япщ Божэрэ (Бозэ, Бэжь? - Ф. А.) абы и къуэхэмрэ иукIщ, антхэм я тхьэмадэ 70 пхъэм триIулIэри, лъэпкъ псом ялэгъун, абы ирищтэн хуэдэу щIыпIэ хэIэтыкIа гуэрым деж тригъэувэжащ.

Гъуэтхэм я гъуазэм абы щыгъуэщ Венетарий щыфIащар, «венетхэр зэтезыукIа» къикIыу, къыщалъхуам абы цIэуэ иратар - Витимирщ. ГъэщIэгъуэнщ антхэм я пщым и цIэр тхыдэм къызэрыхэнари: гъуэтхэм Boz жыхуаIэ пщым адыгэхэр зэреджэу щытар, хуэдгъэфащэ мыхъумэ, и пэжыпIэр тщIэкъым, ауэ нобэрей европей щIэныгъэлIхэм Божэ/Бозэ жаIэ.

Венетарий антхэм зэратеуамрэ лъэпкъым и нэхъыжьхэр кIуэдыкIейуэ, гущIэгъуншэу зэрыIэщIэкIуэдамрэ нэсыжащ гъуэтыщIым итIысхьа гуннхэм я пщышхуэу Баламбер деж. Абы и блыгущIэтым ищIэхэмрэ ипщэкIэ Iэпхъуауэ къэралыгъуэщIэ къызэригъэпэщыну зэрыхэтымкIэ арэзытэкъым ар. ИкIи абыкIэ Венетарий жэуап иригъэхьыну гунным къеутIыпщ нэгъуэщI гъуэт гъуазэ - Гезимунд. Абы кърата дзэмрэ Венетарий еймрэ зэрытемыгъакIуэу тIэу зэхэуарэ, ещанэр яублауэ, Баламбер езыр гъуэт Iэлым къыкIэлъыкIуэри, шабзэкIэ иукIауэ итхыжащ тхыдэтхым. Абы иужькIэ, гъуэтхэм яхьэхуа адыгэхэми унафэщI къахуэхъуащ гунн зэрыпхъуакIуэу Баламберыр.

Мы хъыбарым теухуауэ щIэныгъэлIхэр зэгурымыIуэу, зэтемыхуэ гуэрхэр хэлъу жаIэу къэгъуэгурыкIуами, Иордан и тхыгъэхэр пэжу икIи ар зытепсэлъыхь Iуэхугъуэхэр 369 - 376 гъэхэм щыIауэ къагъэлъэгъуащ иужьрей къэхутэныгъэхэм.

Абы нэс гурыIуэгъуэ хъуа нэужь, антхэм я хэкур здэщыIамрэ ахэр зи лъэпкъыгъуэмрэ къэхутэным еувэлIащ щIэныгъэлIхэр. Смиленкэ А. Т. хуигъэфэщауэ щытащ антхэм я быдапIэр Украинэм и Днепропетровск областым хиубыдэ Башмачкэ къуажэ цIыкIум и Iэхэлъахэм щыIауэ. Ауэ абдеж щрагъэкIуэкIа археологие къэхутэныгъэхэр антхэр а щIыналъэм щыпсэуауэ щыхьэт техъуакъым. НэгъуэщI щIэныгъэлIым - Вернадский Г. В. - къыхилъхьащ антхэр Украинэм и Хмельницкэ областым щыIэ Побужье щIыпIэм щыпсэуауэ. Рыбаков Б. А. антхэм я щIыналъэр Днестр псымрэ Днепррэ я зэхуакум дэлъауэ хуигъэфэщащ. Ахэри къащтакъым. Ауэ «Эрак псым уригъуазэмэ, антхэм я хэщIапIэр къэбгъуэтыну» къраджыкIащ Иордан и тхыгъэхэм. Абы зэритхыжамкIэ, антхэм ятеуа Венетарий и дзэмрэ абы къыкIэлъыкIуа гуннхэмрэ иужь дыдэу щызэзэуар а псым и Iуфэрт. ЩIэныгъэлIхэм яхузэхэгъэкIыртэкъым Эрак хъужыр нобэрей псыцIэхэм ящыщу дэтхэнэрами. Языныкъуэхэм трагъэчыныхьырт ар Днепру, хэти Днестру. Ауэ псори наIуэ къэхъуащ щIыдэлъху лъэпкъхэм я бзэмкIэ щыIэ псыцIэхэм Эракыр ирагъэпща нэужь. Гъуэтхэм or х/v rax жыхуаIэу щытар осетинхэм Ирыф, Арыф, адыгэхэм Урыху жыхуэтIэ псыр арат! КъыхэгъэщыпхъэщIу нобэкIэ Урыхупсыр чэнж, цIыкIу хъуами, нэхъапэм ар уэру, бгъуэуэ зэрыщытар. ЩIыналъэр зэзыпхъуа гуннхэри абы щхьэкIэ Var (Уэр) жаIэу зэрыщытар.

Зэхэуэр щекIуэкIар Урыхупсым и Iэхэлъахэр арами, абы къикIыркъым гъуэтхэр къэсу Кавказым и курыкупсэм къитIысхьауэ. НэгъуэщI щIыпIэ щепсыхарэ, абы къикIыу, адыгэхэм къатеуэу щытауэ нэхъ фIэщ щIыгъуафIэщ. Псалъэм папщIэ, археолог цIэрыIуэ Казанский Михаил къыхилъхьауэ щытащ гъуэтхэм я кхъэлъахэхэм Поднепровьерэ Днепр мэзымрэ щылъыхъуэну. Сыту жыпIэмэ, 4 - 5-нэ лIэщIыгъуэм ехьэлIа археологие къэхутэныгъэшхуэхэр къыщыщIахыж абы. Уеблэмэ Венетарий къызэригъэпэща къэралыгъуэщIэм и хэщIапIэ дыдэри къигъэлъэгъуат абы - Ворксла псым и Iэхэлъахэр. Нэхъ кулей дыдэу гъэщIэрэщIа боспор кхъэлэгъунэхэм хуэбгъэдэну къэхутэныгъэ телъыджэхэр къыщыщIахыжырт а щIыпIэми, арат абдеж гъуэтхэр щысауэ щIыхуагъэфэщар. А еплъыкIэр къищтащ урысей тхыдэдж, археолог Обломский Андрей. Ауэ Бирбауэр Ф. игурэ и щхьэрэ зэтелъу пэщIэуващ а Iуэху еплъыкIэм... Абы зэрыжиIамкIэ, къуэкIыпIэ германхэм къащIэна археологие щыхьэтхэмрэ Венетарий и гъуэт лъэпкъымрэ зыкIи зэпыщIакъым, Украинэм къыщагъуэтыж гъуэт хьэпшыпхэр - щэрмэтхэм, аланхэм, адыгэхэм «яхэпхъауэ псэуа гъуэт закъуэтIакъуэхэм» къащIэнауэ аращ. Совет тхыдэдж, археолог Магомедов Борис щыхьэт техъуащ Бирбауэр жиIэм. Сыту жыпIэмэ, КъуэкIыпIэ Украинэм и этнополитикэми зихъуэжауэ щытащ гунн лъэхъэнэм, псалъэм папщIэ, Кантемировкэ деж къыщагъуэтыжа Iуащхьэхэм къыщIахар щэрмэт, алан уэркъхэм я хьэпшыпщ. ИкIи, къапщтэмэ, дызытепсэлъыхь лъэхъэнэм (4-нэ лIэщIыгъуэм) ехьэлIауэ къагъуэтыжа гъуэт кхъэлъахэхэр зы Iэм и IэпэхэмкIэ къыпхуэбжынущ.

АнтхэмкIэ къэдгъэзэжынщи, япэ зэхэуэ дыдэм гъуэтыдзэр зэрыщызэтраукIам тепщIыхьмэ, ахэр лъэпкъышхуэу, я дзэри лъэщу, щыIэкIэпсэукIэри зэтеублауэ, щыналъэшхуи яубыдауэ щытагъэнущ. ЩIэныгъэлIхэм зэрыхуагъэфэщащэмкIэ, Божэ щIыгъуу яукIа «нарт 70-р» - нэхъыжь къудейтэкъым, атIэ, ант щIыналъэшхуэр Iыхьэ-Iыхьэу зэпыудауэ, щIыпIэ къэси пщы яIэжу ахэр 70 хъууэ арат, пщым я пщыжу Божэ я гъуазэу.

Лъэпкъхэр зэхэIэпхъукIрэ щIыналъэщIэхэр зауэ-банэкIэ щаубыд лъэхъэнэм адыгэм щыщу япэ дыдэу абы тетхыхьар Нэгумэ Шорэщ...

Апхуэдэу абы итхыжащ IуэрыIуатэм ихъума Дау зэкъуэшийм я хъыбарыр. ЗэрыжаIэжымкIэ, а лъэхъэнэм адыгэхэм я гъуазэу щытар Дау пщыжьырт (и цIэр ящIэжыркъым). Даухэ зэкъуэшийрэ зы хъыджэбз закъуэрэ яIэт. Гъуэтхэр адыгэ щIыналъэм къыщебгъэрыкIуэм зэкъуэшхэр зауэм кIуащ икIи зы къэмынэу псори хэкIуэдащ. Зэрыбыным я нэхъыщIэу я шыпхъу закъуэм и дэлъхухэм я хьэдэр шыгукIэ кърищэлIэжри, Бахъсэн ныджэм щыщIилъхьэжауэ жаIэ. А зэман жыжьэм Бахъсэныпсым нэгъуэщIыцIэщ зэрихьэу щытар - Альтудыпсщ. Ауэ зэкъуэшийм я нэхъыжь Дау Пакъ и цIэр псыми аузми фIащыжащ - «Пакъ и сын» жыхуаIэр ягъэкIэщIри, Пакъсын, ауэрэ Бахъсэн хъуащ. Даухэ я щIалэхэм гъуэт зауэм щызэрахьа лIыгъэм и фэеплъ тхыдэм къыхэнэн папщIэ, я шыпхъум и унафэкIэ алыджхэм мывэ сын ягъэжауэ жаIэ.

Мыбдеж гу лъытапхъэщ, пщащэм иригъэгъэжа сыныр зы закъуэ зэрыхъумрэ абы «Пакъ и сынкIэ» еджэу зэрыщытамрэ. Щхьэ «Зэкъуэшийм я сын» жамыIэрэт?! ХъыбарыжьымкъызэрыхэщыжымкIэ, Даухэ я къуэ нэхъыжь Пакъ - къант, пщыжьым и къуэ дыдэтэкъыми, къилъхуахэм нэхърэ нэхъапэ щIрагъэщари арат. КъищынэмыщIауэ, ар Дау пщыжьым ипхъу закъуэм и щхьэгъусэт. Ар хабзэми динми къищтэркъым жыпIэмэ, а лъэхъэнэм адыгэр чристан диным зэритар къэплъытэмэ, пэжынри хэлъщ.

Гъуэтхэм къэзэуа щIыналъэхэр зэгуагъэхьэжри, къэралыгъуэ къызэрагъэпэщат. Урысейм и европей лъэныкъуэр - Балтийскэ хым къыщыщIэдзауэ хы ФIыцIэм къэсу - зэрыщыту хиубыдэрт абы. Ауэ дунеижьыр яхьэхуным хуэдэу къызэрыгъэбэта гуннхэм ар ямыдэу, гъуэт къэралыгъуэр зэтракъутащ, яубыда щIыналъэхэри къыIэщIагъэкIыжащ. Апхуэдэу щыхъум гъуэтхэм къахэнар итIысхьащ Къырымым. Ауэ герман лъэпкъхэм апхуэдэу тыншу зыкъатыну, ар езыгъэнэхыну лъэпкъ махэтэкъым. Я къару къызэрыгъуэтыжыху заIэтрэ, гуннхэм ебгъэрыкIуэу, мыдрейхэри къимыкIуэту куэд дыдэрэ къызэрехьэкIащ. ИкIэм -икIэжым гъуэтхэм я лъэр щIэхущ, мащIэ къызэрыгъэхъури, тIуащIэм дэкIыу, хы ФIыцIэм и Кавказ лъэныкъуэм итIысхьэн хуей хъуащ. Абдежым гъуэтхэр бгырыс хъуащ икIи кавказ лъэпкъхэм хэшыпсыхьыжауэ жаIэ. Абы и щыхьэту адыгэхэм къахуэнащ лъэпкъыцIэу Гъуэтокъуэ, Гъут, нэгъуэщIхэри.

Дау зэкъуэшийм я шыпхъу закъуэм алыджхэм, пэж дыдэу, фэеплъ сын яригъэгъэжат икIи ягъэувыжат. А фэеплъыр япэ дыдэу тхыдэм къыщыхэщыжыр 1773 гъэращ. Нэмыцэ зыплъыхьакIуэ Гюльденштедт Иоганн Кавказым щыхьэщIащ 1771 - 1773 гъэхэм. 1773 гъэм накъыгъэ - мэкъуауэгъуэ мазэхэр Къэбэрдейм щрихьэкIати, ЕтIэкъуэпсым и ныджэм дэту сыным гу лъитэри, иужьыIуэкIэ къыдигъэкIыжа «Reisen durch Russland und im Caucasischen Geb rge» тхылъым щытепсэлъыхьащ, и сурэтри ищIащ. Нэхъ гувауэ, 1829 гъэм Дау зэкъуэшхэм я фэеплъым и зы сурэт иджыри дунейм къытехьащ граф Потоцкий Ян и IэдакъэкIэ къыщIэкIауэ.

Мывэ фэеплъым алыдж хьэрфкIэ тхауэ, адыгэбзэкIэ укъеджэ хъууэ тетт: «Гъуэт зауэм хэкIуэда Даукъуэ зэшиблымрэ Даухэ я къаныкъуэ Пэкъурэ я фэеплъ». КъызэрыщIэкIымкIэ, пэж дыдэу Даухэ зэкъуэшиибллт зэрыхъур, къаныкъуэу яIа Пэкъур (Пакъ) еянэу ягъэувауи арат.

Езыхэр Бахъсэныкъуэм деж щыщIалъхьэжами, зэкъуэшхэм я фэеплъыр ЕтIэкъуэ деж щIыщагъэувам и щхьэусыгъуэр зыми ищIэркъым. Ауэ метри 2,65-рэ зи лъагагъ мывэ сын гъэщIэрэщIар 1881 гъэм Москва ТхыдэмкIэ и музейм ягъэIэпхъуауэ, нобэр къыздэсым абы щахъумэ.

ФЫРЭ Анфисэ.

● Iуэху зехьэкIэ пэрыт

Маринэ и насып Iыхьэр

Зи мыхьэнэкIи купщIэкIи куэд къызэщIэзыубыдэхэм ящыщщ «егъэджакIуэ» псалъэр. Дыщысабийм деж нэсу къыдгурымыIуэми, балигъыпIэ диува нэужь, куэдым къыдгуроIуэ а IэщIагъэм ирилажьэу ди гъащIэм хэта цIыхум абы мыхьэнэшхуэ зэрыщиубыдар. КъэткIуа гъуэгуанэм дыщыхуеплъэкIкIи, гу лъыдотэ абы IупщIу къыхэбелджылыкIхэм ди егъэджакIуэр, унэтIакIуэр зэрыхэтым. Аращ дэтхэнэми нобэ диIэ гупсысэкIэри дуней еплъыкIэри зыхуэдэр зыкъомкIэ зэлъытари.

ДЭБАГЪУЭ Барэсбий и цIэр зезыхьэу Шэджэм къалэм дэт курыт школ №1-р (унафэщIыр Щоджэн Алёнэщ) къэзыуха щIэблэ зыбжанэм ягу фIыкIэ къина егъэджакIуэхэм ящыщщ ноби а IэнатIэр псэ хьэлэлу езыхьэкI КъуэщIысокъуэ (Мамбэт) Маринэ Музариф и пхъур. Илъэс 30-м нэсауэ ар пэрытщ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэм, ехъулIэныгъэфIхэр зыIэригъэхьэу, Iуэху зехьэкIэ пэрыт иIэу, щапхъэу ягъэлъагъуэу.

КъуэщIысокъуэм 1996 гъэм диплом плъыжькIэ къиухащ КъБКъУ-м ПэщIэдзэ егъэджэныгъэм и педагогикэмрэ методикэмкIэ и факультетыр. И IэщIагъэмкIэ зэфIэкI лъагэ зыбгъэдэлъ егъэджакIуэщ ар, школ унафэщIым егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и къуэдзэщ, пэщIэдзэ егъэджэныгъэмкIэ школым и кафедрэм и унафэщIу куэдрэ лэжьащ. Апхуэдэуи Шэджэм къалэм дэт курыт школхэм пэщIэдзэ классхэр щезыгъэджахэм я методикэ зэгухьэныгъэм и пашэщ.

ПэщIэдзэ классхэм щеджэ сабийхэм щIэныгъэм и лъабжьэ быдэр ягъэтIылъыным, еджэным гукъыдэж хуаIэрэ абы текIуэныгъэ цIыкIухэр къыщахьыфу ехъулIэным и гъащIэр тезыухуа цIыхущ Маринэ. Абы фIыуэ къыгуроIуэ егъэджэныгъэр зэрызыхэлъхэм ящыщу нэхъыщхьэр пэщIэдзэ Iыхьэр зэрыарар.

- Школым щыкIуа япэ илъэсхэм сабийм еукъудий щIэныгъэм адэкIэ зэрыхуэкIуэну гъуэгур, егъэтIылъ еджэныгъэм, гъащIэм, дунейм и зэлъыкIэм теухуа и гупсысэхэм я лъабжьэр. Ахэр сабийм къызэрехъулIэм елъытащ адэкIэ иIэну текIуэныгъэхэм, здынэсыфыну лъагапIэхэм ящыщ куэд, - жеIэ Маринэ. - Аращ адыгэ псалъэжьым «Лъабжьэр быдэмэ, щхьэкIэр лъэщщ» щIыжиIэр.

БлэкIа илъэсхэм къриубыдэу КъуэщIысокъуэм класс зыбжани и IэмыщIэ икIащ. Ауэ ар ноби и лэжьыгъэм тезашэркъым, абы гукъыдэж хуиIэу, егъэджэныгъэм къыхыхьэ IэмалыщIэхэр къигъэсэбэпу щIэблэм ядолажьэ. Маринэ сабийхэм пэщIэдзэ щIэныгъэ ярит къудейкъым - абы школакIуэхэм гъэсэныгъэ екIу яхелъхьэ, я къэухьым, дуней еплъыкIэм зрегъэужь, пэжыгъэм, дахагъэм хуеущий. ЕгъэджакIуэ гумызагъэм и дерсхэм щызэхеухуанэ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэр зэрызэпкърылъ унэтIыныгъэ псори. Зи IэщIагъэм хуэIэижь хъуа лэжьакIуэм бгъэдэлъ щIэныгъэмрэ Iэзагъэмрэ хигъахъуэ зэпыту, бгъэдэлъ къулеигъэхэмкIэ, Iуэху зехьэкIэ мардэфIхэмкIэ адрейхэм щапхъэ яхуэхъуу апхуэдэщ.

ЕгъэджакIуэу зэрылажьэрэ зы илъэси дэкIакъым Марини абы и гъэсэн цIыкIухэри жылагъуэ, район, республикэ зэпеуэхэм я утыку имыхьэу икIи нэхъыфIхэм ахэр хамыбжэу. Ар жыджэру хэтащ «Класс унафэщI нэхъыфI» зэпеуэм. Абы и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуащ, къыкIэлъыкIуэм и лауреат хъуащ. Апхуэдэу Маринэ пашэ щыхъуащ «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ къыхалъхьа «КъБР-м и егъэджакIуэ нэхъыфI» щIыналъэпсо зэпеуэм. Зи зэфIэкIым дапщэщи хэзыгъахъуэ лэжьакIуэ гумызагъэм «Менеджмент в образовании» курсхэр КъБКъУ-м ЕгъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ и институтым къыщиухащ. ЩIэныгъэм хуэнэхъуеиншэ бзылъхугъэм и кандидат лэжьыгъэри триухуащ «Егъэджэныгъэмрэ гъэсэныгъэмрэ я теориемрэ методикэмрэ» унэтIыныгъэ хьэлэмэтым.

И къэхутэныгъэм кърикIуа щIэныгъэщIэхэр и Iэдэжу, КъуэщIысокъуэр и гъэсэнхэм яхэтщ, иригъэкIуэкI дерс купщIафIэхэмрэ классщIыб лэжьыгъэ хьэлэмэтхэмрэ IэнатIэм къыхыхьэ Iуэху зехьэкIэщIэхэр къыщигъэсэбэпу. Абы дэтхэнэ сабийми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэрэ бзэ хэхарэ къыхуегъуэтыф, проект лэжьыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр, творческэ унэтIыныгъэ зиIэ къэхутэныгъэхэр ядегъэзащIэ.

Сабийхэм гукъинэж ящыхъуащ иужьрейуэ Маринэ иригъэкIуэкIа дерс зэIухахэу Урысей щIэныгъэм, Анэдэлъхубзэр хъумэным, Адыгэ тхыбзэм я махуэхэм хуэгъэпсауэ щытахэр. Абыхэм еджакIуэхэм щIэ куэд къыщащIащ, зытепсэлъыхь Iуэхугъуэм епха псалъэжьхэмкIэ зэхьэзэхуащ, сурэтхэр ящIащ, дунейпсо цIэрыIуагъ зиIэ къэрал, лъэпкъ еджагъэшхуэхэм тепсэлъыхьащ.

Адыгэбзэр зи псэм хэлъ егъэджакIуэм псом хуэмыдэу гулъытэ хэха хуещI анэдэлъхубзэмрэ лъэпкъ литературэмрэ щIэблэм егъэджыным. Апхуэдэ дерсхэм Маринэ бзэм и хабзэхэмрэ литературэм и теориемрэ щаригъэдж къудейкъым, атIэ а псори адыгэ дунейм и зэхэлъыкIэ хьэлэмэтым, ди лъэпкъым игъащIэ лъандэрэ къыддекIуэкI адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ, нэгъуэщI цIыхубэпсо лъапIэныгъэхэм ирепх.

Зи IэщIагъэ гугъум жэуаплыныгъэ ин хэлъу бгъэдэт егъэджакIуэм хуэфIокI зэманым къигъэув дэтхэнэ зы IэмалыщIэри игъуэу икIи купщIафIэу и дерсхэм къыщигъэсэбэпыныр. Абы къызэрилъытэмкIэ, егъэджакIуэ, къызэгъэпэщакIуэ нэсым псом япэ иригъэщын хуейр зэхъуэкIыныгъэхэр зибэ зэманым сыт и лъэныкъуэкIи хэзэгъэфын щIэблэ щэныфIэ къэгъэтэджыныршщ. Аращ Маринэ зэфIэкIыу иIэр зрихьэлIэри. Зыпэрыт IэнатIэм щызыIэригъэхьэ ехъулIэныгъэ лъагэхэм папщIэ, КъуэщIысокъуэм къэрал гулъытэ мызэмытIэу игъуэтащ. Абы къыхуагъэфэща щIыхь, фIыщIэ тхылъхэм яхэлъщ КъР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм, ЕгъэджэныгъэмкIэ Шэджэм щIыналъэ IэнатIэм къабгъэдэкIахэри, нэгъуэщIхэри.

- Ди лэжьыгъэм нэхъыщхьэ дыдэу хэлъхэм ящыщщ сабиипсэр нэсу зыхэпщIэныр, абы и гурылъ-гуращэхэр къыбгурыIуэныр, и гупсысэхэр къэбгъэнаIуэу ахэр тэмэму унэтIыныр. Зи псэр къыпхузэIумыха школакIуэм ахэр бгъэдэплъхьэну тыншкъым, аращи, псом япэ сабийр псэкIэ уи гъунэгъу пщIын хуейщ. ИтIанэщ сабийм щIэныгъэ куу щептыфынури, гъэсэныгъэ екIу щыхэплъхьэфынури. Ди школым и унафэщIхэри, абыхэм я нэIэм щIэт егъэджакIуэхэри - псори дыхущIокъу

а къалэныр екIуу зэрызэфIэтхыным, иджырей мардэщIэхэм я пщалъэхэм изагъэу егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэм пыщIа лэжьыгъэхэр гъэзэщIа зэрыхъуным, - и лэжьыгъэм топсэлъыхь КъуэщIысокъуэр. - А Iуэхугъуэхэм сфIэфIу, жыджэру сызэрыхэтыр, цIыхуфI куэд лэжьэгъуу, ныбжьэгъуу сызэриIэм си лъэр нэхъри жан ещI, абыхэмкIи си насып къикIауи къызолъытэ.

Унагъуэ дахи и щIыбагъ къыдэтщ Маринэ. Абы и щхьэгъусэ КъуэщIысокъуэ Анзор «Къэбэрдей-Балъкъэрым ветеринар медицинэмкIэ и центрым» Шэджэм щIыналъэм щиIэ къудамэм и унафэщIщ. Зэщхьэгъусэхэм я бын пажэ Артур студентщ, нэхъыщIэ зэтIолъхуэныкъуэхэу Данэрэ Алимрэ школакIуэхэщ. Ахэр адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ я гъуэгугъэлъагъуэу, я нэхъыжьыфIхэу унагъуэм я тхьэмадэ Борисрэ гуащэ Къадырхъанрэ я щапхъэ дахэм тету ягъасэ Анзоррэ Маринэрэ. Сабийхэр къохъу жыIэщIэу, еджэныр фIыуэ ялъагъуу, я ехъулIэныгъэхэмкIэ адэ-анэри, дадэри, нанэри ягъэгуфIэу. А псори Маринэ къелъытэ гъащIэр къызэрыхуэупса насып Iыхьэу.

Нобэ, мэлыжьыхьым и 2-м, Маринэ егъэлъапIэ и илъэс 50 юбилейр. Зи къалэнхэр, къэкIуэнум хуэгъэпса мурадыфIхэр зэзыгъэхъулIэ егъэджакIуэ нэсым, бзылъхугъэ щыпкъэм, анэ гумащIэм дохъуэхъу и нэхъыжьыфIхэм я жьауэм щIэту, унагъуэ, бын насып щымыщIэу, узыншэу куэдрэ псэуну, жылагъуэм мыхьэнэшхуэ щызиIэ и IэнатIэр ирихьэкIыну. ЕхъулIэныгъэщIэхэр зыIэрыбгъэхьэну, уи насып нэхъыбэ хъуну, Маринэ!

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Туризм IэнатIэр

Зэманым докIу

МСП Корпорацэм и нэIэ щIэту лажьэ Лъэпкъ шэсыпIэ системэм, Урысей Федерацэм Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и жэрдэмкIэ къызэрагъэпэщам, и Iэмалхэр къагъэсэбэпу туризм IэнатIэм пыщIа хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ я IуэхущIапIэу мини 4,6-м мылъкукIэ нэгъабэ ядэIэпыкъуащ. 2023 гъэм елъытауэ хуэди 2-м щIигъукIэ нэхъыбэщ ар.

«УРЫСЕЙМ туризм IэнатIэм зыщегъэужьыным ехьэлIауэ Iэмал куэд щыIэщ. Абы хохьэ «Туризмэмрэ хьэщIагъэмрэ» лъэпкъ пэхуэщIэр, МСП-м хуэгъэпсауэ щIыналъэхэм зэрыхудачых экономикэ щытыкIэ щхьэхуэхэр, нэгъуэщIхэри. Илъэс блэкIа закъуэм къриубыдэу IуэхущIапIэ мин 4,5-м дадэIэпыкъуащ. Абы ипэ ита илъэсым нэхърэ ар хуэдитIым щIигъукIэ нэхъыбэщ.

Туризм IэнатIэр ирагъэфIэкIуэн, хьэщIэщхэр, шхапIэхэр къызэIуахын е лэжьыгъэм зрагъэубгъун папщIэ, хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ зэрыхудачых кредит ахъшэу псори зэхэту сом мелард 38-м щIигъу къащтащ, шэсыпIэ фондхэм я дэIэпыкъуныгъэ хэлъу», - жиIащ УФ-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Решетников Максим.

Лъэпкъ шэсыпIэ системэм и IэмалымкIэ финанс дэIэпыкъуныгъэхэр нэхъыбэу иратащ ресторанхэмрэ кафехэмрэ, хьэщIэщхэр зыгъэлажьэхэм. Къапщытэж пIалъэм къриубыдэу шхапIэхэм я лэжьыгъэм зегъэубгъуным трагъэкIуэдащ сом мелард 15,4-рэ, хьэщIэщхэм - мелард 12,4-рэ. Я бжыгъэкIэ зэпэщхьэхуэу къэдгъэлъагъуэмэ, шхапIэ мини 2,4-м (процент 9), хьэщIэщ 654-м (процент 76-рэ) ахъшэ иратащ.

«Туризм IэнатIэм къэрал кIуэцIым иужьрей илъэсхэм зэрызыщиужьыр зыхащIэу хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ жыджэру абы къыхыхьащ, я инфраструктурэхэр ирагъэфIэкIуэн щIадзащ. ШэсыпIэ фондхэр къагъэсэбэпу я лэжьыгъэм сом мелард 17,6-рэ халъхьащ нэгъабэ. Ар процент 40-кIэ нэхъыбэщ 2023 гъэм елъытауэ. АхъшэкIэ зыдэIэпыкъуа IуэхущIапIэхэм я бжыгъэми къыхэхъуащ хуэди 2,5-кIэ икIи мини 2,35-м щIигъуащ», - къыхигъэщащ МСП Корпорацэм и унафэщI Исаевич Александр.

2024 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым туризм IэнатIэм щылажьэ хьэрычэт мащIэм, курытым я IуэхущIапIэ 12-м Лъэпкъ шэсыпIэ системэм и Iэмалхэр къагъэсэбэпу сом мелуани 124-рэ щIыхуэу къащтащ.

МСП Корпорацэр хьэрычэт IэнатIэ мащIэмрэ курытымрэ ядоIэпыкъу «Зэхьэзэхуэр зи лъабжьэ экономикэ лъэщ» лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Сабий тхылъым и тхьэмахуэм пащэ

НыбжьыщIэхэм я библиотекэм, ПащIэ Бэчмырзэ и цIэр зезыхьэм, къыщызэIуахащ Сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я тхылъым и тхьэмахуэр. Мы гъэм ар траухуащ ди къэралым Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ Иныр къызэрыщихьрэ илъэс 80 зэрырикъум.

ХАБЗЭ зэрыхъуауэ, курыт еджапIэхэм щIэсхэм я гъатхэ зыгъэпсэхугъуэхэм ирихьэлIэу къэралым и библиотекэхэм щокIуэкI Сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я тхылъым и тхьэмахуэр. Ар тхылъеджэхэм, тхакIуэхэм, библиотекэхэм я лэжьакIуэхэм, еджэн зыфIэфI псоми зэдагъэлъапIэ. Мы зэхыхьэр ныбжьыщIэхэр литературэм и дунейм хэзышэ махуэшхуэщ. Ар къызэрагъэпэщ щIэблэр тхылъым драгъэхьэхын папщIэ.

А тхьэмахуэм тхыдэ дахэ къыдокIуэкI. Ар къыхэзылъхьар Кассиль Левщ. 1943 гъэм гъатхэпэм и 26-м Москва тхакIуэхэмрэ тхылъеджэ ныбжьыщIэхэмрэ я «Книжкины именины» зэIущIэ гукъинэжыр щекIуэкIат. Абы хэтащ тхакIуэ цIэрыIуэхэу Михалков Сергей, Барто Агние, Шварц Евгений, Маршак Самуил, Пришвин Михаил, Чуковский Корней сымэ, нэгъуэщIхэри. Зэхыхьэм ныбжьыщIэ мин 30-м щIигъу хэтат. Нэхъыжьхэм ныбжьыщIэхэр щагъэгъуэзат Хэку зауэшхуэм хэкIуэда тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ я гъащIэмрэ я IэдакъэщIэкIхэмрэ.

Алъандэрэ илъэс 82-рэ дэкIыжами, а Iуэху дахэм гъэ къэси пащэ, сабийхэри балигъхэри гуфIэу. Библиотекэм экранымкIэ къыщагъэлъэгъуащ Москва япэу а тхьэмахуэр зэрыщагъэлъэпIауэ щытам теухуа нэтынхэм щыщ пычыгъуэхэр. Библиотекэм и лэжьакIуэхэр ныбжьыщIэхэм яхутепсэлъыхьащ тхылъыр къызэрежьам, щIэныгъэм зэрызиужьам, тхылъ еджэным я къэухьым зэрызригъэужьынум. КъыкIэлъыкIуэу, сабийхэр яфIэгъэщIэгъуэну хэтащ таурыхъхэм теухуа викторинэм.

НыбжьыщIэхэм я библиотекэм и унафэщI Хьэту Светланэ къарихьэлIахэм яхутепсэлъыхьащ я IуэхущIапIэм щагъэува «В памяти, в сердце, в книгах» гъэлъэгъуэныгъэм. Ар траухуащ Хэку зауэшхуэм и лIыхъужьхэм, абыхэм я Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэхэм. Апхуэдэу ныбжьыщIэхэр хагъэгъуазэ Хэку зауэшхуэм теухуа лэжьыгъэ нэхъыфIхэм. Хьэтум сабийхэм чэнджэщ яритащ Фадеев Александр и «НыбжьыщIэ гвардие», Космодемьянская Любовь и «Повесть о Зое и Шуре», Кассиль Лев и «Дорогие мои мальчишки» тхыгъэхэм еджэну.

- Сабийхэр тхылъым дегъэхьэхын, ар фIыуэ ялъагъуу къэгъэхъун хуейщ. Апхуэмыдэ цIыхур куэдым пэжыжьэщ. Еджэн зыфIэфI ныбжьыщIэхэр щIэныгъэми гъащIэми нэхъ щохъулIэ, библиотекэм и лэжьакIуэхэм тхылъыфIым щхьэкIэ фIыщIэ хуащIыну куэдрэ къагъэзэж, - жиIащ Хьэту Светланэ. - Япэ дыдэу тыгъэ къысхуащIауэ щыта тхылъыр сигу къинэжащ. Ар Чуковский Корней и «Чудо-дерево» жыхуиIэрат.

Тхылъым и тхьэмахуэм республикэм щызэкъуигъэуващ литературэм и лэжьакIуэхэр, тхылъеджэхэр, Хэкур фIыуэ зылъагъухэр. Мыгъэрей зэхыхьэм тхылъ еджэным дригъэхьэх къудей мыхъуу, ныбжьыщIэхэр хуеущий Хэкум и тхыдэмрэ и лIыхъужьхэмрэ зыщамыгъэгъупщэным.

Апхуэдэу зэхыхьэхэм республикэм и къалэхэмрэ щIыналъэхэмрэ щыпащащ. Лэскэн районым и библиотекэхэм щекIуэкIащ «Одна на всех Великая Победа», «Легендарные страницы истории» выставкэхэмрэ литературэ-макъамэ пшыхьхэмрэ. Библиотекэхэм я лэжьакIуэхэм дерс щIэщыгъуэ ятащ, ТекIуэныгъэм уасэшхуэ зэрыщIатар къыхагъэщу. Псом хуэмыдэу гулъытэ хуащIащ фронтым Iута, тылым щылэжьа, лIыхъужьыгъэ къэзыгъэлъэгъуа ныбжьыщIэхэм. ЩIэблэр къэралым и тхыдэм щыщ напэкIуэцIхэмрэ лIыхъужьхэм зэрахьа хахуагъэмрэ щагъэгъуэзащ.

Аруан щIыналъэри жыджэру хэтащ урысейпсо Iуэхум. Районым и библиотекэхэм, Нарткъалэ и унагъуэ библиотекэм я лэжьакIуэхэм еджакIуэхэр я гъусэу къызэрагъэпэщащ «Строки, опалённые войной» литературэ-макъамэ зэхыхьэр. Ар траухуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхакIуэу, усакIуэу Хэку зауэшхуэм хэтахэм. Абы хыхьэу ягъэлъэпIащ тхылъеджэ нэхъыфIхэмрэ «К подвигу героев сердцем прикоснёмся» зэпеуэм щытекIуахэмрэ. ЩоджэнцIыкIухэ Алийрэ Iэдэмрэ, Кулиев Къайсын, КIыщокъуэ Алим, Отаров Керим, Макитов Суркан, нэгъуэщIхэми я усэхэм къеджащ ныбжьыщIэхэр. Апхуэдэу къытеувыIащ дзэ Iуэху хэхам хэт ди щIалэхэм лIыхъужьыгъэ къызэрагъэлъагъуэм. Зэхыхьэр игъэдэхащ лъэпкъ къафэхэмкIэ «Ислъэмей» ансамблым.

Прохладнэ къалэм Iуэхум щыпащащ «Великая поступь победы» литературэ-макъамэ пшыхьымкIэ. Ар къызэрагъэпэщащ Маяковский Владимир и цIэр зезыхьэ библиотекэм и лэжьакIуэхэм. Зэхыхьэм зауэм теухуа уэрэдхэр щыжаIащ, усэхэм къыщеджащ, ягъэлъэпIащ тхылъеджэ нэхъыфIхэр. Сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ ехъуэхъуащ Прохладнэ къалэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ ПщыцIыкIу Алеся, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Котляровэ Марие, Гъуазджэхэмкiэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым режиссурэмкIэ и кафедрэм и доцент Боттаев Мурат, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и редактор, сабий тхакIуэ Мэлей ФатIимэ, библиотекэм и унафэщI Уэзрокъуэ Тамарэ. ХьэщIэхэм библиотекэм тыгъэ хуащIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэм теухуа тхылъхэмрэ сабийхэм яхуэгъэза къыдэкIыгъуэ щхъуэкIэплъыкIэхэмрэ. Пшыхьыр ягъэдэхащ ЩэнхабзэмкIэ унэмрэ Гъуазджэхэмкiэ сабий школымрэ я гъэсэнхэм.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

КъэщIэрэщIэжыныгъэм и щIыхькIэ

● Дзюдо

Балъкъэр лъэпкъым и къэщIэрэщIэжыныгъэм и махуэм ирихьэлIэу, хабзэ зэрыхъуауэ, Налшык къалэм щекIуэкIащ щIыналъэхэм дзюдомкIэ я зэхьэзэхуэ. Абы щызэпеуащ Кавказ Ищхъэрэм и бэнакIуэ 200-м нэблагъэ, я ныбжькIэ илъэс 16 - 18-хэм къриубыдэу.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и командэм ехъулIэныгъэфIхэр щызыIэригъэхьащ зэпеуэм - медаль зэмылIэужьыгъуэу 25-рэ къиихьащ.

Я хьэлъагъ елъытауэ зыхэта гупхэм япэ увыпIэхэр щаубыдащ Унэж Амерлан (кг 46-рэ), Уэтэр СулътIан (кг 50), Карабашев Ибрэхьим (кг 55-рэ), Хъуран Къантемыр (кг 66-рэ), Къущхьэкъан Амир (кг 73-рэ) сымэ.

Къуэн Алим (кг 46-рэ), Къуэныкъуей Идар (кг 50), Къардэн Мухьэмэд (кг 55-рэ), Къанкъул Идар (кг 66-рэ), Ерчэн Тимур (кг 73-рэ), ШэрэIужь Айдэмыр (кг 90) сымэ дыжьын медалхэр къахьащ.

Ещанэ хъуахэщ Бычэ Къантемыр (кг 46-рэ), Балэ Темырлан (кг 50), Баллиев Расул (кг 50), Аскэр Темырлан (кг 55-рэ), Теммоев Алан (кг 55-рэ), Нэгъуей Амир (кг 60), Гуанэ Замир (кг 60), Къамбий Сэфарбий (кг 66-рэ), Срыкъуэ Ибрэхьим (кг 66-рэ), Балъкъэр Темырлан (кг 73-рэ), Шишков Эльнур (81-рэ), Ульясов Александр (кг 90), Мусуков Алим (кг 90), ПщыхьэщIэ Имран (кг 90) сымэ.

ГъэсакIуэхэу Куп Эдуард, Иванов Дмитрий, Апхудэ Андзор, Дзухэ Беслъэнрэ Залымджэрийрэ, Тау Азэмэт, ГъуаплъэщIэ Астемыр, ПщыхьэщIэ Залым, Емкъуж Мухьэмэд, Емкъуж Рустам, Джэданэ Залым, Ким Руслан, ГъукIапщэ Самир, Жангуразов Хьэчим сымэ спортсменхэр зэхьэзэхуэм хуагъэхьэзыращ.

КЪАНШЫУЕЙ Алим.

АдэкIэ бэлэрыгъыжакъым

● Футбол

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Динамо-2» (Мэхъэчкъалэ) - 2:0 (2:0). Налшык. «Спартак» стадион. Гъатхэпэм и 29-м. ЦIыху 200 еплъащ.

Судьяхэр: Газиев Кисловодск), Спирин (Ленинград область), Афонин (Краснодар).

«**Спартак-Налшык**»: Къумыкъу, Джыназ (Хизриев, 82), Пириев (Чичбэ, 46), Гъуэгузокъуэ, КIэдыкIуей, Блий (Къардэн, 67), Далиев (Лlуп, 67), ХьэцIыкIу, Хьэшыр, Лысенкэ, Мусаев (Шэрджэс, 82).

«**Динамо-2**»: Ражбудинов, Акаев, Умаханов, Джабраилов, Хачаев (Шихалиев, 77), Таштемиров (Михтеев, 46), Яхьяев (Магомедов, 46), Зайнавов, Абдуллабеков (Алиев Д., 77), Т.Салимов, Алиев Р. (Телякавов, 86).

Топхэр дагъэкIащ: Мусаевым, 6 (1:0). Далиевым, 15 (2:0).

Дагъуэ къыхуащIащ: Зайнавовым, ХьэцIыкIум, Шихалиевым.

Тхьэмахуэ ипэкIэ Ставрополь щрагъэкIуэкIа Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым мы гъэм щызэхаубла зэхьэзэхуэм и пэщIэдзэ джэгугъуэм «Спартак-Налшыкым» псынщIэ дыдэу дерс къыхиха хуэдэщ. Фигу къэдгъэкIыжынщи, абы щыгъуэм ди щIалэхэр 25-нэ дакъикъэм ирихьэлIэу 2:0-у япэ ища пэтми, текIуэныгъэр яхуэхъумакъым икIи, икIэм-икIэжым, 2:3-уэ фIахьащ.

Дауи, Ставрополрэ Мэхъэчкъалэрэ я «Динамо» командэхэр я зэфIэкIкIэ зэхуэдэкъым. Абы щхьэкIэ къэмынэу налшыкдэсхэм щытхъу яхуэфащэщ япэ лъэпощхьэпом къапимыкIуэту ехъулIэныгъэм ерыщу зэрыщIэбэнам къыхэкIыу.

Щэбэт кIуам зэхэта зэIущIэр, тхьэмахуэ ипэкIи хуэдэу, «Спартак-Налшыкым» икъукIэ жыджэру иригъэжьащ. Дакъикъэ пщыкIутху дэкIауэ арат ди щIалэхэр аргуэру 2:0-у япэ щищам, Мусаев Магомедрэ Далиев Данирэ дагъэкIа топхэм я фIыгъэкIэ. Налшык и «Спартак» стадионым къекIуэлIахэми интернеткIэ зэIущIэм кIэлъыплъхэми, шэч хэмылъу, щыIэ-щыIэу ягу къэкIыжащ апхуэдэ дыдэу Ставрополи тхьэмахуэ ипэкIэ къызэрыщIадзам фIы лъэпкъ къызэрытхуимыхьар.

АрщхьэкIэ, «Спартак-Налшыкым» щыджэгухэми абыхэм я гъэсакIуэхэми блэкIа зэманыр пщIэншэу ямыгъэкIуэдауэ къыщIэкIащ икIи яIэщIэкIауэ щыта щыуагъэхэр къанэ щымыIэу зэпкърахат. Аращ зи фIыгъэр адэкIэ ди щIалэхэр зэрымыбэлэрыгъар икIи я къарур ирикъуу зэIущIэм и кIыхьагъкIэ зэрытрагуашэфар. Пэжщ, командэхэм загъэпсэхуу къихьэжа иужькIэ, налшыкдэсхэм я лъэр нэхъ щIэхуауэ къыпщыхъурт. Я насыпти, хьэщIэхэм ар къахуэгъэсэбэпакъым. Абы и фIыгъэкIэ зэхьэзэхуэм япэ текIуэныгъэр щызыIэрагъэхьащ. Ар мыхьэнэшхуэ зиIэщ, гупым и командэ нэхъыфIитхум хэхуэну къалэн зэрызыщащIыжар къэплъытэмэ.

Мы текIуэныгъэм и фIыгъэкIэ «Спартак-Налшыкыр» хэпщIыкIыу турнир таблицэм щыдэкIуэтеящ. Абы бжьыпэр щаубыдащ пэщIэдзэ зэIущIитIми я хьэрхуэрэгъухэр щыхэзыгъэщIахэу «Ростов-2»-м, «Севастополым», «Рубин»-м.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, Мейкъуапэ и «Дружба»-м джэгугъуитIри иригъэхьащ. Иужьым къыщыхагъэщIащ Черкесск и «Нарт»-ри. Тхьэмахуэ ипэкIэ къыдэфIэкIа Шакъ Ашэмэз зи тренер нэхъыщхьэ «Динамо Ставрополь»-ри, куэдым хуамыгъэфэщауэ, бжыгъэшхуэкIэ Мэхъэчкъалэ и «Легион»-р къытекIуащ.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щекIуэкIа иужь зэIущIэхэм къарикIуа бжыгъэхэм: «**Сочи-2**» (Сочэ) - «**Победа**» (Хасавюрт) - **1:1**, «**Астрахань**» (Астрахань) - «**Рубин**» (Ялтэ) - **0:1**, «**Кубань-Холдинг**» (Павловскэ) - «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - **3:2**, «**Ростов-2**» (Дон Iус Ростов) - «**Ангушт**» (Нэзрэн) - **2:0**, «**Легион**» (Мэхъэчкъалэ) - «**Динамо Ставрополь**» (Ставрополь) - **3:0**, «**Севастополь**» (Севастополь) - «**Нарт**» (Черкесск) - **3:1**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» Дагъыстэным щригъэкIуэкIынущ. Мэлыжьыхьым и 5-м ди щIалэхэр Хасавюрт къалэм щыпIэ «Победа»-м щыIущIэнущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Сурэтыр **Уэлджыр Артур** *трихащ.*

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. **«Ростов-2»**	**2**	**2**	**0**	**0**	**5-0**	**6**
2. **«Севастополь»**	**2**	**2**	**0**	**0**	**5-2**	**6**
3. **«Рубин»**	**2**	**2**	**0**	**0**	**2-0**	**6**
4. **«Кубань Холдинг»**	**2**	**1**	**1**	**0**	**4-3**	**4**
5. **«Сочи-2»**	**2**	**1**	**1**	**0**	**3-2**	**4**
6. **«Спартак-Налшык»**	**2**	**1**	**0**	**1**	**4-3**	**3**
7. «Легион»	2	1	0	1	3-3	3
8. «Нарт»	2	1	0	1	2-3	3
9. «Динамо Ставрополь»	2	1	0	1	3-5	3
10. «Победа»	2	0	1	1	2-3	1
11. «Астрахань»	2	0	1	1	1-2	1
12. «Дружба»	2	0	0	2	2-4	0
13. «Динамо-2»	2	0	0	2	1-4	0
14. «Ангушт»	2	0	0	2	0-3	0

ЩIалэгъуалэм я щIэгъэкъуэн

Къэбэрдей-Балъкъэрым мы зэманым щагъэзэщIащ «БиZнесVсело» Iуэхур. Ар къуажэдэс щIалэгъуалэр хьэрычэт ящIэным тегъэгушхуэным хуэунэтIащ. «Росмолодёжь» агентствэм 2024 гъэм ар къызэригъэпэщащ КИФЩI-м щыпсэухэм яхуэгъэзауэ. Iуэхум хеубыдэ илъэс 16 - 35-рэ ныбжьым итхэр.

Iуэхум щIэдзапIэ хуэхъуащ КъБР-м щыщ Дзэгъащтэ Лаурэ «Росмолодёжь. Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм и цIыхухэм папщIэ грантхэр» зэпеуэм зэрыщытекIуар. «Куэдрэ къохъу ди республикэм щыщ щIалэгъуалэр мылъку къалэжьын щхьэкIэ нэгъуэщI щIыпIэхэм, къалэшхуэхэм щыкIуэ. Ауэ щыхъукIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэщ мэкъумэшым хьэрычэт хэплъхьэнымкIэ Iэмал псори. Ахэр щIалэгъуалэм къагъэсэбэпыфу егъэсэнырщ икIи ядэIэпыкъунырщ ди жэрдэмыр зытещIыхьар», - жиIащ Лаурэ.

Абы къикIращи, республикэм ис къуажэдэс щIалэгъуалэр хьэрычэт Iуэхум хагъэгъуазэ, зыщыщ къуажэм щыпщIэн-щыблэжьыну нэхъ къезэгъхэм яхутопсэлъыхь. ИрагъэкIуэкIахэм ящыщщ проектым щыщагъэгъуэза зэхуэсыр, республикэм щыщ къуажиплIым щIалэгъуалэр хэту къыщызэрагъэпэща зэIущIэр, хьэрычэт Iуэхум тещIыхьа «Хакатона» зэпеуэр. Иужьрей Iуэхур Iыхьэ зыбжанэу зэхэтащ: хьэрычэт Iуэхум теухуа мастер-классхэр, я лэжьыгъэм кърикIуар утыку къыщрахьэ жармыкIэр, проектхэм щытепсэлъыхьа зэIущIэр, кIэух зэхыхьэр.

Къуажэдэс ныбжьыщIи 120-рэ къыхахащ щIалэгъуалэ бизнес-клубым хэтыну. Клубым щыщхэм ягъэхьэзырынущ хьэрычэт Iуэхум тещIыхьа проектхэр, абыхэм къыщыгъэлъэгъуа лэжьыгъэр яублэнущ. КъызэгъэпэщакIуэхэм къапщытащ щIалэгъуалэм яубзыхуа IуэхуипщIым щIигъу, ныбжьыщIи 10-м яубла лэжьыгъэм теухуауэ зэчэнджэщащ. «Росмолодёжь» агентствэм зэхиубла Iуэхур сэбэп яхуэхъунущ къуажэм щыщ щIалэгъуалэм езыхэм я къарумрэ щIэныгъэмрэ къиихь лэжьыгъэ къызэрагъэпэщыфынымкIэ.

ГЪУЭТ Синэ.

● ФщIэн папщIэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм гу зылъатапхъэ

Ди щIыналъэм щагъэзащIэ 2021 - 2025 гъэхэм ятещIыхьа, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэхэр къыщызэпаудыныр къыщымыгъэхъуныр икIи жылагъуэ хабзэмрэ шынагъуэншагъэмрэ щыгъэбыдэныр» къэрал программэу КъБР-м и Правительствэм 2020 гъэм шыщхьэуIум и 31-м къыдигъэкIа унафэ №191-ПП-кIэ къащтар. Абы пункт 1.3-мкIэ хагъэхьащ хабзэншагъэкIэ яхъумэ Iэщэхэр, шэхэр, къагъауэ Iэмэпсымэхэр езыхэм яфIэфIу ятыным цIыхухэр трагъэгушхуэн папщIэ лэжьыпхъэхэр. Республикэ бюджетым абы ахъшэ хухихащ.

КЪЭДГЪЭЛЪЭГЪУА ахъшэр КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм ярет, 2014 гъэм бадзэуэгъуэм и 7-м Республикэм и Правительствэм къыдигъэкIа унафэ №148-ПП-м тету.

Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм и жэрдэмкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2024 гъэм дыгъэгъазэм и 27-м къищта унафэ №216-ПП-м ипкъ иткIэ езым фIэфIу Iэщэр, абы и пкъыгъуэ нэхъыщхьэхэр, шэхэр, къагъауэ Iэмэпсымэхэр зытхэм ахъшэу хупагъакIуэм хагъэхъуащ хуэдэ 1,5-кIэ.

Гу зылъытапхъэ: хабзэншагъэкIэ яхъумэ Iэщэр, боеприпасхэр, къагъауэ пкъыгъуэхэмрэ ахэр къызэрагъауэ Iэмэпсымэхэмрэ зытыну хуейхэм зыхуагъазэ хъунущ Урысей МВД-м къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и щIыналъэ IуэхущIапIэм е полицэм и участковэ уполномоченнэм.

Езыхэр хуейуэ Iэщэ зэратам пэкIуэ ахъшэр къаIэрыхьэну хуитыныгъэ яIэщ Урысей Федерацэм и цIыхухэу илъэс 18 ныбжьым нэсахэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щатхауэ щыпсэухэм е абы щыIэу ятхахэм.

Ахъшэр хуаутIыпщынущ цIыхухэм я лицевой счетхэу кредит IэнатIэхэм къыщызэIуахахэм е пощт IуэхущIапIэмкIэ.

ЦIыхухэм я фIэфIыныгъэкIэ ят Iэщэм, абы и пкъыгъуэ нэхъыщхьэхэм, боеприпасхэм, къагъауэ пкъыгъуэхэмрэ къызэрагъауэ Iэмэпсымэхэмрэ пэкIуэу иратыну ахъшэр зыхуэдизыр:

кIэрахъуэмрэ револьверымрэ - сом 30000, автоматым - сом 52500-рэ, пулеметым - сом 60000, ГП-25, ГП-30 гранатэдзым - сом 37500-рэ, РПГ-7, 7В, 27 гранатэдзым - сом 33000-рэ, РПГ-18, 22, 26, 27 зэ къэгъэсэбэпыгъуэ гранатэдзым - сом 30000, СВД фочым - сом 60000, кIэрахъуэ-пулеметым - сом 37500-рэ, щакIуэ карабиным - сом 15000, щакIуэ фочым - сом 9000, газкIэ лажьэ кIэрахъуэмрэ револьверымрэ - сом 3000, кIэрахъуэ, револьвер IэрыщIым - сом 15000, ягъауэ Iэщэ IэрыщIым - сом 1500-рэ, къагъауэ пкъыгъуэм (тротил, аммонит, гексоген, нэгъуэщIхэри) зы граммым - сом 15, къагъауэ Iэмэпсымэм (ВВ, СВ-хэри хыхьэу) - сом 10500-рэ, къызэрагъауэ Iэмэпсымэм (электродетонатор, капсюль-детонатор, къэзыгъауэ, мафIэ, электрокъару зэрыкIуэ кIапсэхэр - метр бжыгъэм тещIыхьауэ) - сом 600, Iэщэм иралъхьэ шэхэр (артиллерие Iэщэр зэрагъауэхэр) - сом 6000, РПГ-м и шэм - сом 7500-рэ, РПО-А мафIэдзым - сом 30000, гранатэдзым (ВОГ-30, 25, 25П) и шэм - сом 7500-рэ, гранатэм (Ф-1, РГО, РГН, РКГ-3ЕМ, РГ-42) - сом 6000, инженернэ лагъымым (сапер лагъымым) - сом 3000, ягъауэ Iэщэм и пIатIронхэмрэ шэхэмрэ зы къэс - сом 30.

Iуащхьэмахуэ къакIуэхэм къахохъуэ

Кавказ.РФ-м къызэритамкIэ, дызэрыт илъэсым и япэ мазитIым къриубыдэу Iуащхьэмахуэ лъапэ зыщызыгъэпсэхуа туристхэм я бжыгъэм процент 15-кIэ хэхъуащ 2023 гъэм и апхуэдэ пIалъэм щыIам елъытауэ. Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм я курортхэм псоми зэхэту а бжыгъэр процент 19 щыхъуащ.

УРЫСЕЙМ и туроператорхэм я зэгухьэныгъэм къызэрыхигъэщамкIэ, 2025 гъэм и гъатхэпэм ирихьэлIэу Кавказым и бгы-лыжэ курортхэм я путевкэу ящам проценти 10 - 20-кIэ хэхъуащ, зыщагъэпсэхуну къыхаха щIыналъэхэм ятещIыхьауэ. Я зыгъэпсэхугъуэ зэманыр щагъэкIуэну нэхъыбэрэ къыхаххэм яхыхьащ Iуащхьэмахуэ лъапэр, Iуащхьэмахуэрэ Чегетрэ яхэту. Мыбдежми туристхэм къалъытэ ди щIыпIэхэм ущыIэныр зэрынэхъ пудыр, адрей лъэныкъуэхэм елъытауэ.

Къэралым и бгы-лыжэ курортхэм я хьэщIэщхэм ящыщу туристхэм нэхъыбэу зыщрагъэтхыр Сочэ къалэм щыIэхэрщ, абыхэм къакIэлъокIуэ Къэрэшей-Шэрджэсым и «Архъызымрэ» «Домбеймрэ».



ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:
ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор),* **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор),* **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь),* **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариannэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэтхэхэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.442
Заказыр №673
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ**.
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Ныр Саидэ, Щомахуэ Мариannэ.**
Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.